ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

80 ТЕКIУЭНЫГЪЭ

№27 (24.777) • 2025 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 4, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Лъэпкъ пэхуэщIэхэм къыпащэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ Стратегие зыужьыныгъэмрэ лъэпкъ проектхэмкIэ (пэхуэщIэхэмкIэ) Iэтащхьэм деж щыIэ советым хэтхэм я зэIущIэ.

НЭХЪЫБЭУ зи гугъу ящIар 2024 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ проектхэр зэрыщагъэзэщIарщ, 2025 - 2030 гъэхэм щIыналъэм зэрызрагъэужьынум теухуауэ ягъэбелджыла Iуэхухэрщ.

«Лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэнымкIэ лэжьыгъэм и япэ Iыхьэр къызэднэкIауэ, етIуанэм иужь дихьэу аращи, Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир къытхуигъэува къалэнхэр и кIэм нэсу зэфIэтхыныр дызытетыр - ар ди Хэкур нэхъ лъэщ щIыныр, къэралым и щхьэхуитыныгъэр гъэбыдэнырщ, абы исхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ.

БлэкIа илъэситхум зи гугъу тщIы проектхэм я фIыгъэкIэ ди щIыналъэм лъэныкъуэ куэдкIэ зиужьащ. Щыпсэухэм я бжыгъэр нэхъыбэ хъуащ, цIыхухэм я хэхъуэр бэгъуащ, социальнэ IуэхущIапIэу щэ бжыгъэхэр духуащ, зэдгъэпэщыжащ, къыщIэдгъэкIхэм, къэдгъэкIхэм хэдгъэхъуащ, хьэрычэт Iуэхур ефIэкIуащ, республикэм езым къилэжьыж ахъшэр нэхъыбэщ. А псоми Iэмал къыдат ди пщэ дэтлъхьэжахэр къанэ щымыIэу дгъэзэщIэну. Аращ Къэбэрдей-Балъкъэрым ущыпсэунуи нэхъ тынш щIэхъуар.

Иджы дызыхуэкIуэ илъэситхум а диIэ хъуа хэхъуэр нэхъри дгъэбэгъуэнур ди къалэнщ. Абы папщIэ IэнатIэ псори зэхуэдэу зэдэлэжьэн хуейщ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Къыхалъхьа Iуэхухэм нэхъ пыухыкIауэ тепсэлъыхьащ КъБР-р экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Рахаев Борис. Абы къыхигъэщащ 2019 гъэ лъандэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыналъэ проекту 54-м зэрыхэтар, сом мелард 60 трагъэкIуадэу.

2024 гъэм лъэпкъ проекту 47-рэ ягъэзэщIэн папщIэ сом меларди 10,3-рэ къыхуаутIыпщащ КъБР-м, абы и Iыхьэ щанэр (сом меларди 3,2-р) республикэ мылъкущ. Ахъшэу къаутIыпщар процент 99,9-кIэ къызэрагъэсэбэпамкIэ, КъБР-р Урысейм щыеплIанэщ.

Лъэпкъ проектыр гъэзэщIа зэрыхъуамкIэ ди республикэм 14-нэ увыпIэр щиIыгъщ Урысей Федерацэм.

2024 гъэр къапщтэмэ, КъБР-м школыщIэу 8 къыщызэIуахащ, абы еджакIуэ мини 5 щIэхуэнущ, автомобиль гъуэгуу ящIащ километр 94,2-рэ, цIыху 587-рэ къыщIагъэIэпхъукIащ кхъахэ хъуа унэхэм, инвестпроект 52-рэ ягъэзэщIащ, цIыху зэхуэсыпIэу, пщIантIэу 62-рэ зыхуей хуагъэзащ, мэкъумэшщIапIэу гектар мин 1,5-м псы зэрыщIагъэлъадэ Iэмалхэр щызэтраухуащ, жыг мин 45-рэ хасащ. Социальнэ дэIэпыкъуныгъэу а илъэсым къриубыдэу республикэм щатащ сом мелуан 745,7-рэ. Къащэхуащ автобус 44-рэ, медицинэ автотранспорту 20, медицинэ Iэмэпсымэу 66-рэ.

2025 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр хэтынущ лъэпкъ проекту 12-м. Абы хухахыну я мурадщ сом меларди 9 (меларди 2,3-р республикэ мылъкум ейщ). Школхэмрэ сабий гъэсапIэхэмрэ, узыншагъэм щыкIэлъыплъ IуэхущIапэхэр яухуэ, гъуэгур щIыпIэ 16-м щызэрагъэпэщыжыну я мурадщ, жылагъуэ зэхуэсыпIэу 38-рэ къагъэщIэрэщIэнущ, модульнэ библиотекэхэр иджыри къызэIуахынущ, хьэрычэт мащIэмрэ курытымрэ зыщIагъэкъуэнущ.

Нэпсыр къыпфIезыгъакIуэ, узыгъэгупсысэ теплъэгъуэхэр

Хъыбар гъэщIэгъуэнхэр зращIэкI «ТекIуэныгъэм и мафIэгум» фIэщыгъэр зиIэ интерактив музейм зыщаплъыхьыну, и лэжьэкIэм зыщагъэгъуэзэну Iэмал яIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм. МафIэгу-музейр «Налшык» гъущI гъуэгу станцым тетащ, хьэщIэхэр иригъэблагъэу, Хэку зауэшхуэм и къэхъугъэхэр нэрылъагъу Iэмалхэмкiэ я нэгу къыщIигъэувэу.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым махуитIкIэ щыIа музейр интерактив Iэмалхэр къигъэIэгъуэкIэрэ лажьэ гъэлъэгъуэныгъэщ. Дунейм зыщIыпIи щымыIэ апхуэдэ хъарзынэщыр вагонипщIым игъэзэгъащ, зэрылажьэ интерактив Iэмалхэм къагъэлъагъуэ теплъэгъуэм ухэт фIэкIа умыщIэну Iупщlу гъэпсащ. Мыбы щагъэлъагъуэ Хэку зауэшхуэм и тхыдэм щыщу къанэ щIагъуэ щымыIэу екIуэкIахэр - зауэм щIидзэным (1941 гъэм и накъыгъэ - мэкъуауэгъуэ мазэхэм) къыщегъэжьауэ цIыхуцIэ зиIэр жэщи махуи зыпэплъа ТекIуэныгъэр ди зауэлIхэм къыщахьа махуэм (1945 гъэм и накъыгъэм мазэм) нэсыхункIэ. Теплъэгъуэхэм къызэщIаубыдащ совет цIыхубэм зауэ илъэсхэм я фэм дэкIа бэлыхьхэр, зэкъуэувэу бийм зэрыпэщIэта щIыкIэр, партизан зэщIэхьееныгъэхэр къызэрыунэхуар, Дзэ Плъыжьым и ехъулIэныгъэ-хэщIыныгъэхэр, къалэшхуэхэмрэ щIыналъэхэмрэ зэрыпхъуакIуэхэм къызэрыIэщIахыжар, мыхьэнэшхуэ зиIа зэхэуэхэр, нэгъуэщI куэди. УIэбэмэ улъэIэсыну, къэIэбэмэ къыплъэIэсыну къыпщыхъу теплъэгъуэхэм гузыхэщIэу къыуатыр къыпхуэмыIуэтэну гъэщIэгъуэну икIи гуимыхужу теплъэгъуэхэр зэхэгъэуващ.

Къыхэгъэщын хуейщ теплъэгъуэхэр гъэхьэзырыным цIыху 70-м нэблагъэ зэрелэжьар. Пэхуэщ1эр щызэрагъэпэщым зауэ лъэхъэнэм трахауэ сурэт миным щIигъу музей икIи унагъуэ гъэтIылъыгъэхэм къыхахри, теплъэгъуэ щхьэхуэурэ зэфIагъэувэжащ. Абыхэм тращIыкIахэр 1930 - 1940 гъэхэм цIыхухэм зыщатIагъэу щыта щыгъын лIэужьыгъуэхэмкIэ яхуэпащ, псэуалъэхэри а лъэхъэнэм щыIа ухуэныгъэ хъэтIым тету теплъэгъуэхэм хагъэуващ.

МафIэгу-музейм цIыхур уэру екIуэлIат. Абыхэм яхэтащ еджакIуэхэр, студентхэр, хэгъэгу икIи щIыналъэ къулыкъущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, къалэдэсхэр, щIыпIэм зыплъыхьакIуэ къэкIуауэ щыIэхэр. Ахэр зыгъэгъуазэри музейм и лэжьыгъэм и гугъу яхуэзыщIри «ТекIуэныгъэм и волонтёрхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэрщ.

МафIэгур ди щыхьэрым къезыгъэблэгъахэм ящыщщ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуныжь МуIэед.

- Илъэсхэр къэувыIэ ямыIэу блокI, гъащIэри напIэдэхьеигъуэм хуэдэу макIуэ. Дунейми щыIэныгъэми захъуэж, ауэ зызымыхъуэжу къанэ щыIэщ - ар фэеплъращ. ДыкъыщIызэхуэсын хуей хъуа Iуэхугъуэри ди къэралым щыпсэухэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ махуэщIым - ТекIуэныгъэр илъэс 80 щрикъум - траухуащ. А махуэм зэримышалIэ цIыхурэ зэкъуимыгъэувэ лъэпкърэ щыIэн хуейкъым. Совет къэралышхуэм щыщу цIыху мелуан 27-м нэблагъэм я псэр мамырыгъэм щIатащ. Къапщтэмэ, а хэщIыныгъэр зылъэмыIэса унагъуэ щIагъуэ щыIэкъым. Арыххэуи, Хэку зауэшхуэм и мафIэсым зи щхьэ хэзылъхьахэм ди щхьэр яхудогъэщхъ, зи гъащIэр ди щхьэхуитыныгъэм щIэзытахэр зэи тщыгъупщэркъым икIи тщыгъупщэнукъым. Мы гъэлъэгъуэныгъэр къызэзыгъэпэщахэм псоми фIыщIэшхуэ яхузощI. БлэкIар тщымыгъупщэу, къэкIуэнум дерс къыхэтхын папщIэ мыпхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэхэр зэпыу имыIэу къызэгъэпэщын хуейуэ къызолъытэ. Си щхьэкIэ къапщтэмэ, хуабжьу сигу ирихьащ гъэлъэгъуэныгъэр. Ар зыщIахэм я Iэзагъэм и закъуэкъым згъэщIэгъуар, атIэ Iуэхугъуэхэр зэрызэхэгъэува щIыкIэрщ: видеотеплъэгъуэхэр, видеоблынхэр, вагон къэс къыщыIу макъамэ къыхэхахэр, уеблэмэ, мафIэгур кIуэуэ къыпщызыгъэхъу Iэмалхэр. Гъэлъэгъуэныгъэр Iэмал гъуэзэджэщ ди япэ итахэм зэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ щIэблэм я нэгу къыщIэувэн, абы иригушхуэу къэтэджын папщIэ. Пэжым нэхъыфI зэрыщымыIэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Аращ ди щхьэр лъагэу Iэтауэ къэкIуэнум дыIузыгъэщIэнур. Мы мафIэгу-музейм дигъэлъагъу пэжыр гъащIэ гъуазэщ, ар къытхуэзыгъэна нэхъыжьыфIхэм дахуэфэщэну, абыхэм къытхуахьа ТекIуэныгъэр зыщыдмыгъэгъупщэну сыщогугъ, - жиIащ Къуныжь МуIэед.

Къэгъэлъэгъуэн хуейщ япэ мафIэгум мамыр гъащIэм хэпсэукI цIыхухэм «дазэрыщыIущIар». Къэхъунум зыри хэзымыщIыкI сабийхэмрэ балигъхэмрэ зэхэту, я нэгум гуфIэ кърихыу, зытет гъэгуанэм фIыкIэ щыгугъыу къэгъэлъэгъуащ. Абыхэм дэнэ щащIэнт къапэплъэр?.. ЕтIуанэм зауэм даша щIалэщIэхэр исщ, вагон бжэщхьэIум гъыуэ тет бзылъхугъэр, зи бын зауэм яша анэ псоми я фэеплъ хуэдэщ. ЩIалэхэм я нэгум зэрыгузавэр, зэрыпIейтейр иболъагъуэ. Дауэ мыгузэвэнрэт?! КъыкIэлъыкIуэ вагоныр окопэ щIыкIэу щIащи, зауэлIхэр ныбафэкIэ щылъщ, уи щхьэщыгум ит кхъухьлъатэхэм кърадзых бомбэхэм щхьэхуимыту уагъэгузавэ. АдэкIэ тлъагъу нэмыцэIуэм дигу къегъэкIыж ещанэ рейхым цIыхухэм я фэм дихар. Штаб, санитар, щIэныгъэ, зыгъэпскIыпIэ - бронепоезд вагонхэр зэкIэлъокIуэ. Иужьрей вагоным щагъэлъапIэ ТекIуэныгъэр, уэрэд ину къыщоIу, цIыхухэм зэхуэгуфIэу сурэтхэр зытрагъэх. Абдеж цIыкIухэми инхэми, цIыхухъухэми цIыхубзхэми я нэгум къищ лIыхъужьыгъэм узыIэпимышэнкIэ Iэмал иIэкъым.

«Налшык» гъущI гъуэгу станцым къыщызэIуаха гъэлъэгъуэныгъэр зауэ илъэсхэм яуса уэрэдхэмкIэ ягъэдэхащ. А уэрэдхэр ягъэзэщIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и уэрэджыIакIуэхэм, макъамэ IэщIагъэр къыхэзыха ныбжьыщIэхэм.

ТекIуэныгъэм и мафIэгур музей къудейкъым, ар нэпсыр щыпхуэмыIыгъ, блэкIа лъэхъэнэм дакъикъэ бжыгъэкIэ ухэзышэ, узыгъэгужьей, узыгъэгумэщI, узыгъэгупсысэ Iуэхугъуэщ. Музейм и пэм къыщыщIэдзауэ и кIэм нэс упхыкIыу дунейм къыщыхъу зэрызехьэхэм ухэплъэжа иужькIэ куэд дыдэрэ зэхэтха «Щремыгъэ зауэ!» псалъэхэм я мыхьэнэр нэсу зыхыбощIэ.

ШУРДЫМ Динэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къалэ ухуэныгъэм ехьэлIауэ

КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэхэмкIэ и комитетым и зэIущIэм щытепсэлъыхьащ «КъБР-м и къалэухуэ Iуэхум теухуауэ» щIыналъэ Законыр зэрагъэзащIэм.

АБЫ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэу КъБР-м и Правительствэмрэ суд IуэхущIапIэхэмрэ щыIэ ДыщэкI Мадинэ, республикэм и министерствэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым Жанатаев Сэлим къыхигъэщащ УФ-м и къалэухуэ законодательствэм зэриубзыхур ухуэныгъэхэм я дэфтэрхэр щагъэхьэзырым щегъэжьауэ ахэр и кIэм нэгъэса зэрыхъунумрэ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэмрэ.

КъБР-м и Парламентым УхуэныгъэмкIэ, псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмрэ гъэсыныпхъэ-энергетикэ IуэхущIапIэхэмкIэ и комитетым и унафэщI Къумал Заурбэч жиIащ республикэм и щIыпIэхэм я зыужьыныгъэр псом хуэмыдэу зи гугъу ящI законым къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщIэным зэрелъытар.

КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Журавлёв Андрей тепсэлъыхьащ зи гугъу ящI Iуэхум теухуауэ КъБР-м къищта законым и дэфтэрхэр зыхуей хуэгъэзэным мы зэманым зэрелэжьыр. Министерствэм зэпымыууэ и нэIэ тетщ ухуэныгъэм епха хабзэхэр щIыпIэ унафэр зезыхьэхэм зэрагъэзащIэм.

Къэпсэлъам къыхигъэщащ, КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэм щIэту, къалэухуэ совет къызэрызэрагъэпэщынур, абы ухуакIуэхэр, архитекторхэр, щIыналъэ, щIыпIэ унафэщIхэр, жылагъуэм и лIыкIуэхэр зэрыхагъэхьэнур. Журавлёв Андрей дыщIигъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и архитектурэ теплъэр хъумэн зэрыхуейм гулъытэ хэха зэрыхуащIыпхъэр, иджырей ухуэныгъэхэм - фэтэр куэду зэхэт унэхэмрэ сату щапIэхэмрэ - ящыщ куэд къалэм зэремыкIур. Абы ипкъ иткIэ унафэ ящIащ министерствэм епхауэ инвестицэ проект къыхалъхьэхэр къэзыпщытэ IэнатIэ къызэрагъэпэщыну.

Къищынэмыщlауэ, къэпсэлъам жиIащ муниципальнэ щIыналъэхэм унэхэр щаухуэну щIыпIэхэр зэрыщагъэбелджылы щIыкIэм нэхъ тkIийуэ зэрыкIэлъыплъыну Iэмалым зэрегупсысыпхъэр. «Къалэухуэ лэжьыгъэм ехьэлIа къалэн щхьэхуэхэр КъБР-м и къэрал IуэхущIапIэхэмрэ щIыпIэ унафэр зезыхьэ IэнатIэхэмрэ ятегуэшэным теухуауэ» КъБР-м и Закон №54-м ипкъ иткIэ (2026 гъэм щIышылэм и 1-м къару игъуэтынущ), КъБР-м Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ IэнатIэмкIэ и министерствэм дяпэкIэ и пщэрылъщ къалэ округхэм щIыпIэ унафэр зехьэнымкIэ я IэнатIэхэм ухуэныгъэ лэжьыгъэм ехьэлIауэ иратыжыкIуэкI лэжьыгъэм и нэIэ тригъэтыныр: ухуэным иужь ихьэн папщIэ хуит зэращI дэфтэрхэр зэрыратымрэ унэхэр хьэзыр зэрыхъуам кIэлъыплъынымрэ епхауэ къэпщытэныгъэхэр егъэкIуэкIыныр.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIыр зыхухэхам емылъытауэ къызэрагъэсэбэпым, ухуэныгъэр щрагъэкIуэкIым шынагъуэншагъэм и мардэхэм зэрытетым кIэлъыплъыным хуэгъэзауэ щIыпIэ унафэр зезыхьэ IэнатIэхэм я къалэныр зэрагъэзащIэм, нэгъуэщIхэми.

Министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр къытеувыIащ IэщIагъэлIхэр зэрагъэхьэзырми, зи гугъу ящI Iуэхум ехьэлIауэ нэхъыбэу щыIэ гугъуехьхэми.

Депутатхэм жаIащ фэтэр куэду зэхэт унэхэм ухуэныгъэхэр къызэрыгуащIыхьым, апхуэдэхэр хабзэм къызэрезэгъым я нэIэ зэрытрагъэтыпхъэр. И гугъу ящIащ, щIыхьей къэхъумэ, абы пэлъэщыфын хуэдэу быдэу унэхэр ящIын, фэтэр куэду зэхэт унэ щаухуэну щIы Iыхьэхэр зэрыратым нэхъыфIу кIэлъыплъын зэрыхуейм.

ЗэIущIэм щыжаIахэр къэлъытауэ зэпэжыпхъэхэр яубзыхуащ.

Япэ мазэм яхузэфIэкIар

2025 гъэм и щIышылэм республикэм и мэкъумэш, фермер, уней IуэхущIапIэхэм зэхэту былымылрэ джэдкъазылу къалэжьам хагъэхъуащ икIи ар (псэууэ шэчауэ) тонн мини 3,2-рэ хъуащ е нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм процент 111,7-кIэ хуэкIуэу, къитащ иджыблагъэ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм.

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, ищхьэIуэкIэ къыщыдгъэлъэгъуа лы тонн мини 3,2-м щыщу тонн мини 2,5-р джэдкъазылщ, тонн мин 0,5-р - былымылщ, тонн мин 0,2-р - мэлылрэ бжэнылрэщ.

Республикэм и щIыналъэхэм ар ятебгуашэу щытмэ, Прохладнэ районыр япэ увыпIэм щытщ. Къапщтэж пIалъэм къриубыдэу абы къыщалэжьащ тонн мин 1,4-рэ. ЕтIуанэм Аруан щIыналъэр щытщ, тонн мин 0,53-рэ иIэу. Ещанэр Шэджэм районырщ. 2025 гъэм и щIышылэм къриубыдэу абы и Iэщыхъуэхэм былымылрэ джэдкъазылу тонн мин 0,48-рэ къалэжьын яхузэфIэкIащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыхъужьхэр» программэм хэтынухэр ятх

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ди щIыналъэм щыпсэухэр щIышылэм и кIэхэм хигъэгъуэзауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыхъужьхэр» республикэ программэр ягъэзэщIэн зэрыщIадзам.

ЩIэныгъэ ягъэгъуэтыныр зи лъабжьэ программэщIэр яхуэгъэзащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абы и ветеранхэм икIи къэралым и Президентым нэхъ пасэу къыхилъхьа «ЛIыхъужьхэм я зэман» проектым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпызыщэу щытщ.

Программэм дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ ветеранхэмрэ Iэмал яритынущ я IэщIагъэм нэхъри хагъэхъуэну, къэрал къулыкъущIапIэхэм щылэжьэфынымкIэ зэфIэкIхэр ябгъэдэлъмэ, ахэр къагъэнэIуэну.

ЩеджэкIэ программэм хэтхэм я гъэсакIуэхэм я деж щагъуэтынущ зыщIэупщIэхэм я жэуапхэр, властым и къэрал, муниципальнэ органхэм я лэжьэкIэм кIэлъыплъын хуэдэу абыхэм ягъэкIуэнущ, къытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэным, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм зегъэужьыным хуэунэтIа, жылагъуэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ проектхэмрэ жэрдэмхэмрэ гъэзэщIэным хагъэтынущ, я къулыкъукIэ дэкIуеинымкIэ Iэмалхэр къаритынущ.

Программэм хэтыну хуейхэм мазаем и 28-м сыхьэт 16-м къыщыщIэдзауэ мэлыжьыхьым и 3-м сыхьэт 16 пщIондэ мы сайтым (geroI*.kbr.ru)* зыщрагъэтх хъунущ. Къызэрыхахынур зэхьэзэхуэ жыпхъэм итущ икIи Iыхьэ зыбжанэу зэкIэлъыхьауэ щытынущ: япэщIыкIэ официальнэ сайтым зыщрагъэтхын, езыхэм ятеухуа тхыгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа анкетэм жэуап иратын, эссе ятхын, тестхэр ятын, зэпсэлъэныгъэхэм пхыкIын хуейщ.

Зэпеуэм хэтыну хуит ящI Урысей Федерацэм и цIыхухэр - дзэ Iуэху хэхам хэтхэр, абы и ветеранхэу IэщIагъэ пыухыкIам хуеджахэр (щIэныгъэ нэхъыщхьэ, курыт зиIэхэр), унафэщI IэнатIэхэм щылэжьахэр. Абы апхуэдэуи хыхьэ хъунущ мы зэманым дзэм къулыкъу щызыщIэхэу дзэ Iуэху хэхам хэтхэри. Дзэ къулыкъум хэтхэу къэпщытэныгъэм тэмэму пхыкIахэр хагъэхьэнущ программэм и резервым икIи ахэр ирагъэджэнущ дзэ къулыкъур къауха нэужь.

Къызэрыхах зэпеуэр зэрырагъэкIуэкIыну щIыкIэм, хухах пIалъэм, абы и Iыхьэхэм, кандидатхэм хуагъэувхэм нэхъ зэпкърыхауэ щыгъуазэ зыщыфщIыфынущ программэм и сайтым (geroi*.kbr.ru)*.

Программэм и электрон пощтыр мыращ: geroikbr@yandex.ru.

Хахуагъэр и шыфэлIыфэт

● Дызэкъуэту

Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам къыщигъэлъэгъуа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, и къалэныр нэсу зэригъэзэщIам папщIэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ ЯтIэкъуэ къуажэм щыщ Андемыр Рэмэзан ЛIыхъужьыгъэм и орденыр езыр щымыIэжу къыхуагъэфэщащ УФ-м и Президент Путин Владимир и УнафэкIэ.

ДЗЭЛЫКЪУЭ щIыналъэм и администрацэм и унафэщI Дохъушокъуэ Исмэхьил дамыгъэ лъапIэр иритыжащ лIыхъужьым и адэ Резуан. Андемыр Рэмэзан и щIыхькIэ къызэрагъэпэща зэIущIэр щекIуэкIащ район администрацэм. Абы хэтащ СВО-м хэкIуэда лIыхъужьым и адэ-анэмрэ и щхьэгъусэмрэ, Бахъсэн къалэ округым, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ районхэм я дзэ комиссар ШыкIэбахъуэ Алим, Дзэлыкъуэ щIыналъэм и администрацэм и унафэщIым и къуэдзэхэр, ЯтIэкъуэ къуажэ администрацэм и унафэщIыр.

- Андемыр Рэмэзан къулыкъум гурэ псэкIэ пэрытащ. И гъащIэр итащ къэралым, лъэпкъым я къэкIуэнум егупсысу. ЦIыхур Хэкум зэрыхуэпэжым и щапхъэ нэс игъэлъэгъуащ. ЩIалэр ди гум къинащ лIыхъужьыгъэмрэ хахуагъэмрэ зи шыфэлIыфэу. Къэралым къыщхьэщыжу зи псэр зытам и унагъуэм дыфщIыгъунущ, зауэлIым и бынхэм гулъытэ яхуэтщIынущ, - жиIащ Дохъушокъуэм орденыр лIыхъужьым и адэм щритыжым.

Андемыр Резуан зэIущIэм щIэсхэм фIыщIэ яхуищIащ и щIалэм и фэеплъыр зэрахъумэм, къулыкъум лIыгъэ зэрыщищIар къызэрагъэлъагъуэм щхьэкIэ. ЖиIащ мы зэманым дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэр узыншэу, я къалэн ягъэзэщIауэ, текIуэныгъэ къахьауэ къагъэзэжыну зэригуапэр.

Дзэ комиссар ШыкIэбахъуэ Алим къыхигъэщащ Андемыр лIыхъужь нэсу къулыкъум зэрыпэрытар, зэи къызэримыкIуэтар, щIэпхъаджагъэм пэщIэту и псэр зэритар.

Къуажэ администрацэм и унафэщI Теувэжыкъуэ Хьэдис къэралым, республикэм, районым я унафэщIхэм фIыщIэ яхуищIащ СВО-м хэт сэлэтхэм, абыхэм я унагъуэхэм гулъытэ зэрыхуащIым папщIэ.

Андемыр Рэмэзан 1987 гъэм Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ ЯтIэкъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр къиуха нэужь, дзэм яхэту къулыкъу ищIэну ираджащ. ЛIыхъужьым и Iыхьлыхэм зэрыжаIэжымкIэ, щIалэр хэкупсэ нэст, къэралым къулыкъу хуищIэныр къалэн лъапIэу къилъытэрт. «Сэ зауэлI сыхъунущ Iэмал имыIэу!» - а псалъэхэр жиIэрейуэ щытауэ ягу къагъэкIыж.

Дзэм къулыкъу щищIэу къуажэм къигъэзэжа нэужь, лэжьапIэ уващ, унагъуэ хъуащ, быних къыщIэхъуащ. Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхар къэхъея нэужь, зэгурыIуэныгъэм Iэ тридзэри, къулыкъум пэрыуващ. 2022 гъэм и щэкIуэгъуэм СВО-м кIуащ.

2024 гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м Андемыр Рэмэзан Хэкум и щIыхьыр, щIэблэм я къэкIуэнур ихъумэу, и псэр щитащ Херсон областым хыхьэ Покровскэ къуажэм. Къулыкъум пэрытыху Андемырым тIэунейрэ къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэм Зыхъумэжыныгъэмкlэ и министерствэм и медалыр.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Ди газетыр зауэм и лъэхъэнэм

ЩIалэгъуалэр бийм пэщIэтыну къыхураджэ

Хэку зауэшхуэр щекIуэкIым «Социалистическэ Къэбэрдей-Балъкъэр» (иджырей «Адыгэ псалъэ») газетым къытехуа тхыгъэхэм пыдощэ. Нобэ фи пащхьэ идолъхьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэм нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм лъагъумыхъуныгъэм теухуа тхыгъэхэр.

1943 гъэм майм и 29-м къыдэкIа газетыр мыпхуэдэ зыхуэгъэзэныгъэкIэ къызэIуех: «Фашизмэр щIалэгъуалэм я бий бзаджэщ. ЩIалэгъуалэхэ! Сабийхэу, цIыхубзхэу, фызыжьхэу нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм зэтраукIахэм я лъыр фщIэжхэ! Фашизмэм щебэн фронтым, лэжьыгъэ IэнатIэм хэхуагъэрэ лIыхъужьыгъэрэ къыщывгъэлъагъуэхэ!»

АдэкIэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэхэм бийм хуаIэ лъагъумыхъуныгъэр» тхыгъэм дыкъыщоджэ:

Социалистическэ
КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР
Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэхэм бийм хуаIэ лъагъуныхъуныгъэр

РЕСПУБЛИКЭМ и щIалэгъуалэхэм ирагъэкIуэкIа антифашистскэ митингым цIыху мини 3-м щIигъу къекIуэлIащ. Районхэм къикIа лIыкIуэхэм яхэтщ нэмыцэхэм зи щхьэ палъа, зи родинэр фIыуэ зылъагъу хъыджэбз хахуэм - Шурэ Козуб и анэр.

ВЛКСМ-м и обкомым и секретарь, ордензехьэ т. Кеневичым митингыр къызэIуех. Къбэрдей-Балъкъэрыр яIыгъыху гитлеровц бандитхэм зэрахьа щIэпхъаджэхэр абы гурыIуэгъуэу къыжеIэр:

- Фигу къэвгъэкIыж, ныбжьэгъухэ, танкмыгъакIуэ мащэхэм деж къыщыхъуа нэщхъеягъуэр: лажьэ зимыIэ урыс, адыгэ, къущхьэ, журт цIыхуищэ зыбжанэ абы щызэтраукIащ. Зи щхьэр шэкъэуэжым пхиха сабий быдзафэр и анэм и IэплIэм идиихьауэ щылъщ, абыхэм ябгъэдэлъщ зи унагъуэм ис цIыхуи 6-р яукIа лIыжь жьакIэхур.

- Абыхэм лъы щIэжыным къыхураджэ, - къыжеIэр тов. Кеневичым икIи фашистхэм зэрахьа лейхэр яхуэзымыгъэгъу ди хэку щалъхуа зауэлIхэм: Советскэ Союзым и ЛIыхъужь Алим Байсултановым, орден плIырыплI зиIэ Кардановымрэ Тхакумачевымрэ, комсомольскэ бюром и секретарь Черкесов Сэрэбий сымэ, Сталинград и хъумакIуэ лъапIэхэм зэрахьа лIыгъэм ар топсэлъыхь, абыхэм ядэплъейурэ народнэ хозяйствэр икIэщIыпIэкIэ къызэрагъэпэщыжыну икIи бийм дытекIуэныгъэм къарууэ иIэ псори ирихьэлIэну тылым щыIэ щIалэгъуалэхэр къыхуреджэр.

Митингым къыщопсалъэ гидротурбинэ заводым и стахановкэ-комсомолкэ тов. **Сергеевэр**, Хуламо-Безенгийскэ районым щыщ Кашкатау къуажэм и комсомольскэ организацэм и секретарь Кесару Уянаевэр, партизанкэ-ордензехьэ, ВЛКСМ и обкомым и секретарь тов. Жанказиевэр, тов. **Землина**, «За отвагу» медаль зырата лейтенант тов. Гольштейн, пионеркэ **Нина Гейц** икIи нэгъуэщIхэри. Абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэхэр къыхураджэр псэемыблэжу фронтым дэIэпыкъуныгъэм, зауэ Iуэхур емызэшыжу яджыныгъэм.

Митингым къыщыпсэлъащ комсомолым ипIа, щытхъу зиIэ сталинскэ бгъэ хахуэ, гвардием и старшэ лейтенант, ордени 4 зиIэ тов. Тхакумачевыр. Черноморскэ флотым и лётчикхэм я цIэкIэ ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэм йохъуэхъу, икIи езым и боевой Iуэхухэр къыжеIэж.

Митингым къыщыпсэлъащ ВКП(б)-м и обкомым и секретарь т. Фокичевыр. ЩIымахуэм Краснэ Армэм зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэшхуэхэм тепсэлъыхьурэ, Гитлер и стратегическэ план псори зэрызыхэщэщам и гугъу ищIурэ абы къыжеIэр:

- Товарищ Сталиным езым и первомайскэ приказым къыщыжеIэр советскэ народымрэ, абы и Краснэ Армэмрэ, ди союзэгъухэмрэ абыхэм я армэхэмрэ бэнэныгъэ гуащIэрэ бэнэныгъэ хьэлъэрэ къазэрыпэщытыр. Республикэм и гуащIэрыпсэухэм, партийнэ икIи партым хэмыт большевикхэм, ленинскэ комсомолым, республикэм и щIалэгъуалэ псом боевой къалэнышхуэ къапэщытщ промышленностыр, мэкъумэш хозяйствэр, культурэр икIэщIыпIэкIэ къызэфIэгъэувэжауэ гъэлэжьэныгъэм, дэ дбгъэдэкIын хуей дэIэпыкъуныгъэр фронтым зэпымыууэ Iэрыхьэным папщIэкIэ.

Верховнэ Главнокомандующэ, Советскэ Союзым и Маршал товарищ Сталиным деж ягъэхь письмор митингым хэта псоми гуфIэгъуэкIэ къащтащ.

ГъэпщылIакIуэ нэмыцэ-фашистхэм хуаIэ лъагъумыхъуныгъэр фронтым ират дэIэпыкъуныгъэхэмкIэ къагъэлъэгъуэну митингым хэтахэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэгъуалэр къыхураджащ.

Ди къуэшхэм я лъыр сощIэж, ди япэкIи сщIэжынщ

(Черноморскэ хьэуа флотым и летчик, гвардием и старшэ лейтенант, ордениплI зезыхьэ тов. Тхакумачевым и псалъэ)

Ныбжьэгъу лъапIэхэ! Черноморскэ хьэуа флотым и лётчик щытхъу зиIэхэм я боевой сэлам фызох.

Фронтым щыIэ боецхэмрэ тылым щыIэ щIалэгъуалэхэмрэ я зэкъуэтыныгъэр кIуэ пэтми нэхъ лъэщ мэхъур. ЩIалэгъуалэхэм я письмо минхэр фронтым макIуэр. А письмохэм ярытщ щIалэгъуалэхэм бий хуаIэ лъагъумыхъуныгъэр икIи абыхэм я дэтхэнэ строчкэми итщ лъыр щIэжыныгъэм къыхуезыджэ псалъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ сэ си республикэм и псэукIэм зэпымыууэ сыкIэлъоплъ. Къэбэрдей-Балъкъэрым фашистхэм щызэрахьа щIэпхъаджэхэм я хъыбархэр щызэхэсхым сэ псалъэ быдэ стащ нэхъри нэхъ хуабжьу, щысхьырабгъу лъэпкъи хэмылъу фашист хьэкIэкхъуэкIэхэр зэтезукIэну.

Нальчик, Прохладнэ, Нижне Чегемым, Бахъсэн, Куба щыпсэу цIыху мамырхэр зэраукIам и хъыбар къыщысIэрыхьэм сэ си лъыр нэхъри къызэщIэплъащ. Си адэ къуэшым и къуэ Афаунов Хьэжмурат нэмыцэхэм яукIащ. Адыгэхэм ди хабзэу зэрыщытщи, сэ нэмыцэхэм лъыкIэ себиинщ Советскэ цIыху псоми я лъыр сэ сщIэжынщ, сыту жыпIэмэ советскэ цIыху псори сэ къыздалъхуа си ныбжьэгъухэщ, си къуэшхэщ.

Зауэр къыщыхъея япэ махуэ дыдэм къыщыщIэдзауэ сэ нэмыцэ-фашистхэм созауэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и комсомолымрэ щIалэгъуалэмрэ сэ вжесIэфынущ: нэмыцэ кхъухьлъатэ 11 сэ къезудыхащ, хьэуа зауэ гуащIэхэу 100-м щIигъум сыхэтащ, псори зэхэту боевой лъэтэныгъэу 415-рэ сиIэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэхэм нэмыцэхэм зэрахьа бзаджэнаджагъэр хуагъэгъункъым.

Гу зылъытапхъэ

Тхыгъэм иджырей ди пэжырытхэм, стилистикэм темыхуэхэр хэтщ, ауэ ахэр зэдмыхъуэкIыжмэ нэхъ тэмэму къэтлъытащ.

Газетым къизыхыжар
УЭРДОКЪУЭ Женящ.

Сэлэтхэм я адэхэр

Аруан щIыналъэм хыхьэ Псыгуэнсу къуажэ администрацэм иджыблагъэ Iуэху щхьэпэ щекIуэкIащ: Хэкум и хъумакIуэ хахуэхэр зыгъэса адэхэм «Сэлэтым и адэ» медалхэр иратащ.

ФИГУ къэдгъэкIыжынщи, «Сэлэтым и адэ» медалыр зыгъэувар «Урысейм и адэхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэрщ, «Хэкум и хъумакIуэхэр» Урысейпсо фондым и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу икIи ар ират лIыхъужьыгъэ зезыхьэу дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я адэхэм.

Дамыгъэ лъапIэр зыхуагъэфэщахэу Псыгуэнсу къуажэм и администрацэм а махуэм кърагъэблэгъат Журт Арсен, Безыр Артур, Яхэгуауэ Мыхъутар сымэ. Абыхэм къаIущIащ щIыпIэ администрацэм и тхьэмадэ Балъкъыз Мухьэмэдин, къуажэм щIыпIэ самоуправленэмкIэ и советым и депутатхэу Шыбзыхъуэ Русланрэ Къудей Беслъэнрэ, «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондым и къудамэу Аруан щIыналъэм щыIэм и социальнэ координатор Хъалил Аслъэн, «Псыгуэнсу» уэрэджыIакIуэкъэфакIуэ ансамблым и унафэщI Мыз Хьэжмурат сымэ.

Къуажэ администрацэм и лэжьакIуэхэмрэ щIыпIэ депутатхэмрэ кърагъэблэгъа я къуажэгъухэм фIыщIэ хуащIащ Хэкум и хъумакIуэ щIалэ ахъырзэманхэр зэрагъэсам папщIэ икIи гуапэу ехъуэхъуащ зи къалэнхэр зыгъэзащIэу дзэ Iуэху хэхам щыIэ я бынхэм узыншэу я унэ къагъэзэжыну.

Хъалил Аслъэн зэIущIэм къыщыхигъэщащ Псыгуэнсу дэс унагъуихым я адэхэм «Сэлэтым и адэ» медалыр ипэIуэкIэ зэрыратар икIи а Iуэху гуапэм Аруан щIыналъэм адэкIи зэрыщыпащэнур.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Фысакъ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Оперативнэ штабыр республикэм щыпсэухэрэ абы и хьэщIэхэмрэ йохъуэхъу ЦIыхубзхэм я дунейпсо махуэмкIэ икIи ахэр къыхуреджэ сакъыну, терроризмэм зыщыхъумэнымкIэ хабзэхэр ягъэзэщIэну:

- щытыкIэ къызэрымыкIуэхэр, дыкъэзыухъуреихьхэм я дежкIэ шынагъуэ къэзышэнкIэ хъунухэр къэвмыгъэхъу;

- автотранспортыр абы хухэха щIыпIэхэм деж щывгъэув;

- хьэпшыпхэм, автомашинэхэм шэч яхуэфщIамэ, апхуэдэуи теракт ирагъэкIуэкIыну мурад зэраIэм, къагъауэ Iэмэпсымэхэр, пкъыгъуэхэр цIыхухэм зэраIыгъым фыщыгъуазэмэ, щIэпхъаджагъэ лэжьыным пыщIахэм ятеухуа хъыбар гуэр къыфIэрыхьэмэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ экстреннэ къулыкъущIапIэхэмрэ икIэщIыпIэкIэ хъыбар евгъащIэ;

- хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэмрэ цIыху куэд щызэхуэс Iуэхухэр щекIуэкIкIэ хабзэр къызэгъэпэщыныкIэ жэуап зыхьхэмрэ къагъэувхэр вгъэзащIэ.

Дэтхэнэ зы хъыбарри нэсу къапщытэнущ, къаIэрыхьа псоми ятеухуа Iуэхухэр зэфIагъэкIынущ, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщын папщIэ.

Шэч зыхуащIхэм ятеухуа хъыбарыр КъБР-м щыIэ Оперативнэ штабым къезыгъэщIахэм я цIэ къраIуэнукъым, апхуэдэуи республикэм щыпсэухэм фIыщIэ хуащI зэрызэхащIыкIым папщIэ.

«**Линэ пщтыр**» **телефонхэр**:

- Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм: 48-15-81 (дзыхь зрагъэз телефон);

- КъБР-м щыIэ МВД-м: 40-49-10 (плъыр часть), 49-50-62 (дзыхь зрагъэз телефон);

- Урысейм и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм: 77-64-22 (дзыхь зрагъэз телефон);

- Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм: 39-99-99 (плъыр часть).

КъБР-м щыIэ Оперативнэ штаб.

Дунейм щыхъыбархэр

Iуэхум зыри къикIакъым

«The New York Times» газетым къызэритымкIэ, США-м и президент Трамп Дональд къэрал къулыкъущIэхэм яхуэзэнущ Киев ират дзэ дэIэпыкъуныгъэр къэгъэувыIэным и IуэхукIэ епсэлъэну.

МЭРЕМ кIуам Америкэмрэ Украинэмрэ я лIыщхьэхэр зэхуэзащ, дунейпсо мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэ зыбжанэм тепсэлъыхьыну, апхуэдэуи щIым къыщIах гъущIхэкI гъуэтыгъуейхэмкIэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIэну. АрщхьэкIэ псалъэмакъыр зэныкъуэкъум хуэкIуэжри, зы IуэхукIи зэгурымыIуауэ зэбгъэдэкIыжащ.

ЗэIущIэм кърикIуам ипкъ иткIэ, Трамп Дональд къыхигъэщащ Зеленский Владимир мамырыгъэм зэрыхуэмыхьэзырыр икIи Америкэм пщIэ къызэрыхуимыщIар.

КъэралитIым я унафэщIхэм яку къыдэхъуа зэныкъуэкъум ягу хигъэщIащ украинэ къулыкъущIэхэм, зэпсэлъэныгъэхэм прагъэщэжыным сыт хуэдэу хущIэкъуами, Iуэхум зыри къикIакъым.

Къулыкъухэр ират

«ЛIыхъужьхэм я зэман» егъэджэныгъэ программэр зэрыщыIэ илъэсым къриубыдэу абы хэтащ дзэ Iуэху хэхам и ветерану 83-рэ. А Iуэхур Урысейм и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ 2024 гъэм мазаем и 29-м ирагъэжьауэ щытащ.

ПРОГРАММЭР хуэунэтIащ дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэр къэрал къулыкъущIапIэхэм щылэжьэным хуэгъэхьэзырыным, унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм унафэщI къалэнхэр щагъэзэщIэнымкIэ Iэмалхэр етыным. Япэ Iыхьэм цIыху 83-рэ хэхуащ, ахэр къыхахащ зауэм щызэрихьа лIыгъэм, зыпэрыхьэну Iуэхумкlэ лэжьыгъэ и пIалъэм зэрыщыгъуазэм, иIэ зэфIэкIым теухуауэ.

ЦIыху 27-м къэралым и щIыналъэ щхьэхуэхэм къулыкъухэр щрахьэкIын щIадзащ. Апхуэдэу ЛIыгъэм и орденищым и кавалер Тихонов Александр Урысейм и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Приволжье федеральнэ щIыналъэм щыIэм и къуэдзэу ягъэуващ. Урысейм и ЛIыхъужь Шептухин Александр Хьэуам щызекIуэ транспортымкIэ къэрал агентствэм и унафэщIым и чэнджэщэгъу ящIащ.

Гъатхэпэм и 4,
гъубж

♦ **1846 гъэм** «Кавказ» газетым къытридзащ Къэ-Джэрий и «Зи щыкъым ик къэрал тетым и деж» письмор.

♦ **1918 гъэм** Тэрч ЦIыхубэ Республикэр къэунэхуащ.

♦ **1940 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **КIуэкIуэ Тэлэдин**.

♦ **1942 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Щоджэн Вячеслав**.

♦ **1948 гъэм** къалъхуащ радиожурналист, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Хьэмту Къадир**.

♦ **1969 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 4, жэщым щIыIэр градуси 5 - 1 щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 5,
бэрэжьей

♦ **Гаджетхэр гъэункIыфIауэ щыгъэтыным и дунейпсо махуэщ**

♦ **1911 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и къэрал лэжьакIуэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату щыта, Къэрэшей-Шэрджэс автоном округым и Адыгэ-Хьэблэ щIыналъэм и унафэщIу лэжьа **Къардэн Iэдэм**.

♦ **1950 гъэм** къалъхуащ полковник, жылагъуэ лэжьакIуэ **Гъыш Самир**.

♦ **1953 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ЩIДАА-м и академик **Бэвыж Мухьэмэд**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 6 - 8, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

Гъатхэпэм и 6,
махуэку

♦ **Дзэ дохутырым и дунейпсо махуэщ**

♦ **Глаукомэ узыфэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**

♦ **1929 гъэм** къалъхуащ абхъаз тхакIуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Искандер Фазиль**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 10 - 13, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Щыпсэу щIыналъэм елъытауэ

● Пенсэ

УФ-м и Соцфондым къызэритамкIэ, 2025 гъэм и пэщIэдзэм ирихьэлIэу къэралым и щIыналъэхэм щат пенсэм и куэдагъыр зэрызэщхьэщыкIыр IупщI хъуащ. КъэпщытакIуэхэм апхуэдэ щытыкIэм и щхьэусыгъуэр зыхалъагъуэр Сыбыр ЖыжьэмкIэ щыпсэухэмрэ Урысей Ипщэм и цIыхухэмрэ я хэхъуэхэм я куэдагъым ар зэрелъытарщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, щIыналъэхэм щат улахуэхэри хэпщIыкIыу зэщхьэщокI. Абы нэмыщI, пенсэм и куэдагъыр зэрыхъунур елъытащ щIыналъэхэм къыщыдыщIагъуж ахъшэми.

ЖЫПIЭНУРАМЭ, къэралым и щIыналъхэм ящыщу пенсэ нэхъ ин щатхэм я деж япэ увыпIэр щызыIыгъ Чукоткэм (ику иту сом мин 47-рэ къыщахь) цIыхухэм щаIэрыхьэр хуэди 2,5-кIэ нэхъыбэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щатым нэхърэ (ику иту сом мин 20). Къыхэдгъэщынщи, Урысей Федерацэм цIыхухэм жьыгъэкIэ хуагъэув пенсэхэр ику иту зэрыщыхъур сом мин 25-рэщ.

Чуткоткэм нэмыщI, пенсэ нэхъ инхэр щатхэм хохьэ Ненецкэ автоном округыр, Магадан областыр, Камчаткэ крайр, Ямало-Ненецкэ округыр. Пенсэ ахъшэу нэхъ мащIэ дыдэ щатыр Дагъыстэн, Къэрэшей-Шэрджэс, Къалмыкъ, Кърым республикэхэрщ.

Къэралым и щIыналъэхэм я цIыхухэм хэхъуэу яIэм и куэдагъыр зэрызэщхьэщыкIым къыхэкIыу пенсэу къахьхэри зэхуэдэкъым. Псалъэм къыдэкIуэу, 2024 гъэм ику иту мазэ улахуэу нэхъыбэ дыдэ щатар Магадан областырщ - сом мини 193-рэ, нэхъ мащIэ дыдэр - Ингушырщ - сом мин 39-рэ. Абы нэмыщI, щIыналъэхэм къыщыдыщIагъужым и куэдагъми елъытащ пенсэм и инагъ хъунур. Уэсылъэ щIыналъэ щынэхъ щIыIэхэм, уздэкIуэну гугъуехь зыпыщIахэм щыпсэухэм я пенсэм хущIагъур нэхъыбэщ, мыдрейхэм елъытауэ. УФ-м и Правительствэм Iуэхум ехьэлIауэ унафэ къищтащ икIи абы игъэува коэффициентхэм тету щIыналъэхэм пенсэхэм щыхагъахъуэ.

«Пенсэм и страховой Iыхьэм и инагъыр зэрыхъунур къыщабжым деж къэралыр зэплъыр щIыналъэм лэжьэфу исхэр нэхъ мащIэ дыдэу зрикъуну ахъшэрщ. Чукоткэм ар зыщ, Кавказ Ищхъэрэм - ар щынэгъуэщIщ. Иужьрейм, зэрыжаIэу, пхъэщыхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ дэтхэнэ зы пщIантIэми къыщокI. ПсэупIэхэм, ЖКХ-м, транспорт Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэм ехьэлIа Iуэхури аращ - щхьэж и хэхуэм елъытащ пщIэу ятри. ЖыпIэнурамэ, Урысей Ипщэм нэхърэ СыбырымкIэ ущыпсэуным текIуадэр нэхъыбэщ. Ахэр псори зэпщIэщI», - жиIащ Социальнэ экономикэмкIэ институтым и унафэщI Зубец Алексей.

Зытхыжар
ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.



Нэмыцэдзэм сащыIуплъа дакъикъэ

«Хуэмызар лIыфIщ» жаIэ. Абы къикIыр гурыIуэгъуей хуэдэкъым, ауэ ар нэсу щызыхэпщIэнур уи фэм дэзыгъэкIын Iуэхугъуэ уIущIа нэужьщ. Куэдрэ сигу къэкIыж зы хъыбар гъэщIэгъуэн цIыкIущ мы тхыгъэр зытеухуар.

1992 - 1994 гъэхэм си дзэ къулыкъу къалэныр щызгъэзэщIауэ щытащ Мэзкуу дзэ округым хиубыдэ, Наро-Фоминск къалэм щызэхэт, абы щыщ зауэлIхэм Хэку зауэшхуэм щызэрахьа лIыгъэм папщIэ Лениным, Суворовым, Кутузовым я цIэхэр зезыхьэ орденхэр зыхуагъэфэща, ТекIуэныгъэм и махуэм ирихьэлIэу гъэ къэс ди къэралым щрагъэкIуэкI парадым хэт танкыдзэхэм я гъуджэу къалъытэ Кантемировскэ дивизэ щIэрыIуэм. Шэч хэмылъу, срогушхуэ икIи сропагэ, си кIэн къикIыу, апхуэдэ частым сыщырихьэтам.

Куэдым дыщыхуагъэсащ икIи гъэщIэгъуэн мымащIи ди нэгу щыщIэкIащ абы а илъэситIым. Иджы, си тхыгъэм и пщIэдзэу къыхэзгъэщIа, гум имыхуэ, си ныбжьэгъухэр иригъэдыхьэшхыу яхуэсIуэтэж хъыбар гъэщIэгъуэн цIыкIум теухуауэ. ЩIымахуэ шылэти, дунейр уаеу, увыIэгъуэ имыIэу уэс къесырти, ди казармэ дызыщIэсри, ар зыхэт мэз Iуври «джэбин хужьым» щIиуфат. Зы фIыцIагъи ихъуреягъкIэ щыплъагъунутэкъым. Сэ къалэн нэхъыщхьэу къысхуагъэуват адрейхэм нэхърэ сыхьэт ныкъуэкIэ нэхъ пасэу сыкъэтэджу дызыхуэныкъуэхэр пщэдджыжьым къытхуэзышэну машинэм и шоферым путёвкэ хуэстхыу естыныр. Ар згъэзэщIэну яужь ситу зэхызох хьэ банэ, мэтэцык, танк моторхэм я макъхэр, псынщIэу зрагъэIэту, щIыбымкIэ къыщыIуу. Къэхъуар зыхуэсхьынур сымыщIэу, сыкъэуIуэбжьауэ щхьэгъубжэм сыдэплъмэ, ди пщIантIэри, абы къыхуэкIуэ гъуэгури нэмыцэ-фашистыдзэмкIэ, техникэмкIэ, хьэхэмкIэ гъэнщIат. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, кинокIэ фIэкIа апхуэдэ зэи слъэгъуатэкъым. Си нэгу къыщIэувар пщIыхьэпIэ хьарпшэрым хуэдэт.

Мис а напIэзыпIэрыщ сэ хьэкъыу къыщыдгурыIуар псэм и IэфIагъыр зыхуэдизыр, хуэмызэр лъыфIу зэрыщыту. Зэшэзэплъу сигу къэкIар зыщ - си ныбжьэгъу сэлэтхэр къэзгъэушу, казармэм и щыбагъыбжэмкIэ мэзым дыхэлъэдэжыну. Сыту жыпIэмэ, дэ псори дызэрыщыт, ди щIыбагъ IупщIу зэи илъэс 28-рэ къыдэт, ари дыщIэшынэу. ДызэщIэуэдами - уаззорыз мызымыфынур хьэкъ. Си насыпти, кабинет сызыщIэсым и бжэкъум сыщыIэбэм, бжэр си командир, капитан Загорейчук къыIуихащ, сэлам къызихри, унафэ къысхуищIащ псори къэзгъэтэджыну. КъызэрыщIэкIамкIэ, «Мосфильм» киностудием и режиссёр Озеров Юрий триха, иужькIэ цIэрыIуэ хъуа, актёр цIэрыIуэ куэд зыхэта «Битва за Москву»-м щыщ Iыхьэхэр ди полигоным щытрахыну арат, нэмыцэдзэ сызыIуплъар ГДР-м къикIа артистхэт. Си гум тыншыгъуэ гуэр игъуэтыжами, пхужыIэнутэкъым занщIэу зэтесабырэжауэ. Тлъагъумрэ нэмыцэбзэ зэхэтхымрэ щхъуэфэцыр ягъэхьейрт, я техникэм и Iэуэлъауэм ар нэхъри зэщIигъэстырт. Абы къищынэмыщIауэ, си гум гуапэу къинэжащ кином ди нэгу къыхэмыщми, губгъуэм иту зауэ гуащIэм хэта сэлэтхэм я роль дгъэзэщIэну къызэрытхуихуар.

Киноуэ щырети, апхуэдэ лъыгъажэм, гуззэвэгъуэм и теплъэ мащIэ нэхъ мывэу ми уи нэгу щIэкIа иужь, Iэмал имыIэу упщIэ къоув - хэт къэзыгъэлъэгъуэфынур фронтым Iута сэлэтхэмрэ зауэ мафIэр зи нэгу щIэкIахэмрэ гуауэу, насыпыншагъэу къалъэIэсауэ щытам къуагъыр, мамырыгъэм и уасэр зыхуэдизыр?

ШАФИЙ Аслъэн.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Зи бзэм хуитыжым и насыпщ.

Тэрч и къуэ пажэ

Хэкум хуэлэжьэныр ди япэ ита нэхъыжьхэм пщIэшхуэ зыпылъ Iуэхуу къалъытэу щытащ. Апхуэдэхэм ящыщт хэкупсэ, дзэ комиссар, полковник Джатауэ Хьэмыщэ Хьэжмырзэ и къуэр.

АР ТЭРЧ щIыналъэм хыхьэ Арыкъ къуажэм 1932 гъэм къыщалъхуащ. Пасэу и адэр фIэкIуэдащ. И закъуэу сабиищ къызыхуэна я анэ Даухъан ибг щIикъузэри, и бынхэр ипIащ, колхозми щхьэкъэIэт имыIэу щылэжьащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и лэжьакIуэ нэхъ пашэхэм яхэту ар 1939 гъэм Москва къалэм ягъэкIуат Союзпсо мэкъумэш гъэлъэгъуэныгъэм хэтыну.

Хьэмыщэ и сабиигъуэр кIэщIт: илъэсибгъу фIэкIа мыхъуауэ Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. ЩIалэ цIыкIур колхоз лэжьыгъэм хыхьащ - зэуапIэм щыIэхэр дэтхэнэми и дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэт. Пщэдджыжьым къыщыщIэдзауэ пщыхьэщхьэ хъуху, гъэмахуэм абы жэщри къыпыту, Хьэмыщэ и зэманыр губгъуэм щыкIуэрт. Ар щIэхъуэпсырт Iэщэ къиштэу, бийм текIуэху пэщIэтыну. ИкIи и мурадыр игъэзэщIэну иужь ихьащ. Анэм зыщигъэпщкIури, военкоматым кIуат, арщхьэкIэ: «Иджыри уцIыкIущ» къыжраIащ. Нэмыцэхэр къыдыхьа иужькIэ ныбжьыщIэм унэм совет зауэлIхэр щигъэпщкIурт, жэщ зэрыхъуу Котляревскэ къуажэмкIэ кIуэцIрыкIынымкIэ ядэIэпыкъурт.

Апхуэдэурэ зауэлI IэщIагъэм дихьэхащ ар. Зауэ нэужьым Хьэмыщэ щIэтIысхьащ Ворошиловым и цIэр зезыхьэ, Бэракъ Плъыжьыр зыхуагъэфэща дзэ училищэу Одессэ дэтым. Абы щIэсыху, еджапIэм и унафэщIхэм я фIыщIэ, щытхъу тхыгъэхэр мызэ-мытIэу и унагъуэм къыIэрыхьащ.

1956 гъэм Хьэмыщэ училищэр къиуха нэужь, Венгрием ягъэкIуащ зыкъэзыIэтахэр ягъэсабырыжын хуейуэ. Апхуэдэу Джатауэр взводым и унафэщIу яхэтащ зэщIэхъееныгъэм щыщхэм яубыда къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щхьэхуит къэзыщIыжахэм. ЗэратхыжымкIэ, зэхэуэ нэхъ гуащIэхэр абы щыгъуэм щекIуэкIар Венгрием и къалащхьэ Будапештт. Абыи хэта Хьэмыщэ и къулыкъур 1959 гъэм и дыгъэгъазэ пщIондэ игъэзэщIащ.

Къыхэгъэщын хуейуэ къыщIэкIынщ 1956 гъэм и бжьыхьэ пщIондэ Венгрием щыIэу дзэ къулыкъур езыхьэкIахэр иужькIэ, 1980 гъэм, Хэку зауэшхуэм хэтахэм зэрыхуагъэдар. Полковник цIэр Джатауэм 1979 гъэм къратауэ щытащ Волгоград къулыкъу щищIэну щагъэкIуам щыгъуэ.

Хьэмыщэ къулыкъу щищIащ Кавказ Ищхъэрэ дзэ округым, Iуащхьэмахуэ, Зеикъуэ, Тырныауз щIыналъэхэм я военкоматхэм. Бахъсэн районым, иужькIэ Тэрч щIыналъэм я военкоматхэми я унафэщIу щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссарым и къуэдзэу къулыкъум къыпэрыкIыжащ Джатауэр. Ар «КъБР-м и Фэеплъ тхылъыр» къыдэгъэкIыным елэжьа гупым я унафэщIу щытащ. ТекIуэныгъэ Иныр къызэрахьрэ илъэс 50 зэрырикъум и щIыхькIэ, УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Черномырдин В.С. Москва къалэм и Поклоннэ бгым деж а къыдэкIыгъуэм и томитхур щетыныр зыхуагъэфэщауэ щытари Джатауэрщ.

Шэч хэмылъу, абы и къару псор ирихьэлIащ Хэку зауэшхуэм лIыгъэ зэрахьэу хэкIуэда ди лъахэгъу мин 30-м я цIэхэр щIэблэм ящIэным. Къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэхэм япкъ иткIэ, зауэлI 500-м щIигъум я кхъащхьэхэр зыхуэзэр ягъэбелджылыжат. Хьэмыщэ ищIэрт тхылъитхуу зэхэт а лэжьыгъэм дэтхэнэ лIыхъужьыр сыт хуэдэ къуажэм щыщми, абы и цIэр сыт хуэдэ напэкIуэцIым итми.

Джатауэм зауэм хэкIуэдахэм я хъыбар кIапэлъапэ къаIэрыхьэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. Абы щхьэкIэ ар СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм мызэ-мытIэу кIуащ. ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 50 щрикъур гъэлъэпIэным теухуа Iуэхугъуэшхуэхэр зэфIэкIа нэужь, Москва кърагъэхри, КъБР-м и Президент КIуэкIуэ В. М. и цIэкIэ правительствэ телеграммэ къагъэхьат, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Фэеплъ тхылъыр» Урысей Федерацэм щынэхъыфI дыдэхэм ящыщу къызэралъытар иту.

Хьэмыщэ дамыгъэ лъапIэ зэмылIэужьыгъуэхэр кърататащ. 1975 гъэм абы къыхуагъэфэщащ «СССР-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм хэту Хэкум къулыкъум зэрыхуищIам папщIэ» орденыр, 2000 гъэм - «Хэкум и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и етIуанэ нагъыщэр. Абыхэм къакIэлъыкIуащ «СССР-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм и гуащIэ зэрыхилъхьам папщIэ», «СССР-м IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэр илъэс 40 ирокъу» медалхэр.

КъищынэмыщIауэ, Хьэмыщэ щIалэгъуалэм я гъэсэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуищIар къалъытэри, СССР-м ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъкIэ тIэунейрэ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и ЩIыхь тхылъкIэ щэнейрэ ягъэлъэпIащ.

ЩIэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным хэлъхьэныгъэ зэрыхуищIам къыпэкIуэу, Джатауэ Хьэмыщэ 1992 гъэм къратауэ щытащ КъБР-м и ЩIыхь тхылъыр. Ар Урысей Федерацэм и Журналистхэм я зэгухьэныгъэми хэтащ.

Зэрытлъагъущи, гъащIэм и лъагапIэфI куэдым нэсыну хузэфIэкIащ Хьэмыщэ. А илъэсхэм хуэпэжу абы къыбгъэдэтащ и щхьэгъусэ Жаннэ. Бзылъхугъэр илъэс 56-кIэ егъэджакIуэу лэжьащ, «Урысейм цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и отличник» цIэ лъапIэр къыфIащащ.

Хэкум и ХъумакIуэхэм я махуэм ирихьэлIэу, Хьэмыщэ и унагъуэм и жэрдэмкIэ, я нэхъыжьым и щIыхькIэ, ар къыщалъхуа къуажэм и курыт школым илъэс 17 хъуауэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэр, зэпеуэхэр къыщыщызэрагъэпэщ. Иужьрей илъэситхум Джатауэ Хьэмыщэ и фэеплъу волейболымкIэ район зэпеуэ ирагъэкIуэкI. Илъэс псом зызыхуагъэхьэзыра Iуэхум, зэрыжаIэу, гъунэгъу къуажэхэм я цIыкIуи ини къокIуалIэ. Джатауэм и щхьэгъусэмрэ щIэблэмрэ саугъэтхэр, медалхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ яIыгъыу абы макIуэ, сабийхэм IэфIыкIэхэр щыхуагуэш.

Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Тэрч щIыналъэм и къуэ пажэм и фэеплъыр уахъътыншэщ, и IуэхущIафэ дахэхэмкIэ ар цIыхухэм, и Iыхьлыхэм я гум къинащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Хъыбар

Инэрал щхьэщытхъум зэрызрагъэщIэжар

Адыгэхэм къезэуа пащтыхьыдзэм и нэхъ дзэпщ гущIэгъуншэхэм ящыщт генерал Засс Григорий. Ди лъэпкъым къыхэкIа лIы цIэрыIуэхэр абы зэрыдекIуэкIауэ щытам теухуа тхыгъэр зи Iэдакъэ къыщIэкIар тхакIуэ-драматург, усакIуэ, IуэрыIуатэдж, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артист КъардэнгъущI Зырамыкущ.

КАВКАЗ зауэм щыгъуэ къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIа пащтыхьыдзэм и дзэпщу щыта инэрал Засс бийр гузэвэгъуэ и псэм телъу гъэпсэун хуейуэ къилъэтырт, адыгэхэм къатегушхуауэ, цIыхугъэрэ лIыгъэрэ яIэу къимылъытэу, игъэпудыну пылът.

Адыгэхэр абы и деж щыщIыхьэкIэ я Iэщэр ягъэтIылъын хуейт. ПэIущIэ унэм ар къыщIанэрти, итIанэт щыщIыхьэр. Iэщэр инэралым хъумакIуэхэм ярагъэунэщIырт, шэр кърахырти, гыныр кърананэрт. Ар адыгэм къепсалъэрт, «шэ къыстехуэркъым, уи фIэщ мыхъумэ, дыщIэгъэкIи къызэуэ!» - жиIэрт. ЩIыбым къыщIэкIхэрт, инэралыр къэувырти зригъэуэрт. Апхуэдэу куэдым ярищIати, инэралым «шейтIан тесу, абы псэ лей Iуту, зыми хуэмыукIыу» ягъэIуат. Адыгэхэм инэралым зрагъэцIыхужыну мурад ящIащ.

Гуп цIыкIур зэхэзышауэ жыхуаIэр Хъырцыжь Алэщ. Ар езыр абазэхэт. Абазэхэм къикIри, Хъырцыжьыр Хуарзэ псыщхьэ щыпсэу Ажджэрий и къуэ Кушыку деж къэкIуащ.

- Мы инэрал щхьэщытхъум зегъэщIэжын, адыгэхэм ди лIыгъэмрэ цIыхугъэмрэ зыхуэдэр егъэлъагъун хуейщ, дывгъакIуи, и пхъур къыфIэдвгъэх!

- Захуэщ, ауэ Щоджэн Шумахуэ гъуазэу димыIэу хъунукъым! - жиIащ Кушыку.

Щоджэн Шумахуэ Ахъмэтыбгым и жэгъу щIэсу Лабэ Iуфэ Iусти, абы кIуащ тIури. Шумахуэ сыт щыгъуи хьэзырт. Арати, Щоджэн Шумахуэ гупыр щыкIуэкIи къыщыкIуэжкIи шупэхутэу, гъуазэу щытыну, Ажджэрий и къуэ Кушыку хъыджэбзыр и шыплIэм дэсу къихьыну, Хъырцыжь Алэ щыкIуэкIэ шу кIашэу, къыщыкIуэжкIи шуукIэ къалэу, пхъэр къакIэлъыкIуэ хъумэ, къимыгъэкIуэну зэгурыIуащ. Щызэхуэзэну махуэмрэ щIыпIэмкIэ пIалъэ

зэратри зэбгрыкIыжащ.

Иджы Краснокопскэ станицэр здэщысым деж «Прочная окопа» жаIэу быдапIэ щытащ, абы Засс и бынунагъуэр дэст, дзэм яхъумэу, быдапIэм и куэбжэм бэтэгъэ Iутрэ, абы сэлэт плъакIуэр тесыжу.

ПIалъэ зэратар къыщысым, шууищыр Лабэ Iуфэ пщыхьэщхьэм щызэхуэсащ. Жэщыбгым абы икIри Прочнэ окопэ быдапIэм кIуэну ежьащ. Инэралыр зыдэс быдапIэм, зырызу фIэкIа, шууитI е шууищ зэгъусэу дагъэхьэртэкъым. Абы къыхэкIкIэ, быдапIэм гурыщхъуэншэу бгъэдыхьэн щхьэкIэ Iэмал хуекIуэн хуей хъуащ. БыдапIэм гъунэгъу щыхуэхъум, шууищым зырыз защIри шу кIапсэу заукъуэдиящ.

Нэхущ къабзэу, жейм и IэфIыгъуэ дакъикъэм зрагъэхьэлIэу, япэ ит Щоджэн Шумахуэ быдапIэм екIуэлIащ. Бэтэгъэм тес сэлэт плъакIуэм шу закъуэр щилъагъум, уэим ищIакъым, IуэхукIэ быдапIэм къакIуэ и гугъащ. Шумахуэ къызыфIимыгъэIуэхуурэ куэбжэм екIуалIэри, и къызыкъуэхи и дзи зы ищIри, сэлэтыр аркъэнкIэ кърилъэфэхащ. Абы хэту Кушыку нэсри быдапIэм дэлъэдащ, инэралымрэ и бынунагъуэмрэ жейуэ зыщIэлъ чэтэн унэм (палаткэм) и щхьэр триудщ, инэралыпхъур джанэпцIанэу пIэм къыхихри къыдэжыжащ. Шумахуэ япэ иту кIуат, япэ итуи къэкIуэжын хуейти, къызэрыкIуамкIэ мыхъуу, нэгъуэщI щIыпIэкIэ дадзыхри япэ къиувэжащ, гъуэгур яригъэлъагъуу. Алэ шуукIэ къалэу щытын хуейти, быдапIэ куэбжэм Iуувэри, и гъусэхэр зэгъуэкI хъуху зыри къыдигъэкIакъым, итIанэ езыри къакIэлъыщIэпхъуэжащ.

Нэхущым жейбащхъуэу пIэм къыхахуа инэралым зыкъищIэжу дзэ къакIэлъиутIыпщыху, шууищым хъыджэбзыр яхьри мэзым щIыхьэжащ. КъакIэлъиутIыпща пхъэрым пщIэншэу ягъэзэжащ, и хьыпIи, и шхыпIи ямыщIэу инэралым ипхъу закъуэр кIуэдащ.

И пхъур къыхуэзыгъуэтыжым ахъшэшхуэ иритыну къигъэгугъэри, инэралым и тIасхъэщIэххэр адыгэ къуажэхэм хиутIыпщхьащ, адыгэу и деж кIуэ псоми фIэрафIэ хъуа инэралым тыгъэ лъапIэхэр къахуищIырт, и пхъур къигъуэтыжынымкIэ къыдэIэпыкъуну псоми къелъэIурт, ауэ хъыджэбзыр шууищым здахьа щIыпIэр, езы шууищыр зыщыщыр зыми ищIэртэкъым, зыми илъэгъуатэкъым.

Апхуэдэурэ илъэс ен екIуэкIащ, и пхъур къигъуэтыжыным и гугъэр щыхихыжым, инэралым зызэридзэкIыжащ. Япэм хуэмыдэжу нэхъ Iейуэ адыгэхэм къахущыт хъуащ.

ИтIанэ шууищым инэралым хуаIуэхуащ: «Уи пхъур ныпхудохьыжри къытпежьэ, инэрал!» жаIэри. ПIалъэ зэратар къыщысым, инэралым и дзэр къыдишри лъэныкъуитIымкIэ щригъэувыкIащ, езыр, и блыгущIэтхэр и гъусэу, и кум къиувэжащ.

Шууищым хъыджэбзыр зэрахьа дыдэм хуэдэу: Щоджэныжьыр япэ иту, Ажджэрий и къуэ Кушыку, хъыджэбзыр и шыплIэм дэсу, абы иужь иту, Хъырцыжь Алэ шуукIэ къалэу къакIуэурэ, дзитIым яку къыдыхьэри, инэралым и пащхьэм деж и пхъур щрагъэпсыхыжащ.

- Си адэ, сэ сыпсэущ, сыхъарзынэщ, - жиIэри, хъыджэбзыр и адэм бгъэдыхьэри IэплIэ хуищIащ.

Инэралыпхъур адыгэ фащэ дахэкIэ хуэпат, адыгэбзэкIэ хуиту псалъэрт.

- Инэрал, - жиIащ Щоджэныжьым, - уэ къызэрыпфIэщIым хуэмыдэу, адыгэхэм лIыгъэ, цIыхугъэ, хабзэ зэрытхэлъыр уэдгъэгъэунэхуну арат. УдгъэгумэщIами удгъэгуфIэжащи, къытхуэгъэгъу!

- Фубыд - жиIэри, инэралым и Iэр ищIащ, лъэныкъуитIымкIи дзэр къежьащ, я мыжурэхэр шияуэ.

- Си адэ, иджыпсту уи пащхьэм зыщыслIэжынщ, мы лIищым я жагъуэ пщIыуэ щытмэ! Сэ си дуней гъащIэкIэ, зы гухэхъуэ-дэрэжэгъуэ слъагъуну щытмэ, ар адыгэхэм я деж щыслъэгъуащ: шхыным я нэхъ IэфIыр сагъэшхащ, IэщIагъэм я нэхъыфIыр сагъэщIащ, щэным я нэхъ къекIур къысхалъхьащ, хабзэм я нэхъ дахэр щыслъэгъуащ. Си анэ сыкъызэрилъхуам хуэдэу сахьащ, апхуэдэуи сыкъыпхуахьыжащ. Уэр нэужькIэ, мы лIищыр сэ адэ къысхуэхъуащ, - жиIэу, и пхъур и пащхьэм лъэгуажьэмыщхьэу щитIысхьэм, инэралым фIы зыкъришэжри, дзэр иригъэкIуэтыжащ.

- АтIэ, дэ иджы благъэ дызэхуэхъуащ, лIыхъужьищым сыт фхуэсщIэмэ арэзы фыхъуну? - жиIэу къыщеупщIым:

- Дэ зыри дыхуейкъым, цIыхугъэрэ лъагъуныгъэрэ фIэкIа. Хуит дыпщIыжым дыкIуэжынущ, - жаIащ.

Инэралым хуит ищIри, шууищыр ежьэжащ.

Хъыбарым зэрыжиIэжымкIэ, мис апхуэдэу инэралыпхъур къахьри иратыжауэ щытащ.

Зыгъэхьэзырар
КЪАНКЪУЛ Зазийщ.

● Гъэсыныпхъэ

Субсидиеу къратыж

Къэрал бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 1,2-рэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуаутIыпщынущ дызэрыт илъэсым, худэчых зиIэхэу газ обрудованэхэр къэзыщэхуахэр, ахэр я унэхэм щIэзыгъэувахэм абы трагъэкIуэда ахъшэр субсидиеу иратыжын папщIэ. Апхуэдэ унафэм иджыблагъэ Iэ щIидзащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил.

ГАЗЫР здынэмыса унэхэм ар яхуешэлIэным ехьэлIауэ къэралым и щIыналъэ 55-м сом зы мелард хуаутIыпщынущ. ЦIыхухэр гъэсыныпхъэ щхъуантIэмкIэ къызэгъэпэщыным ехьэлIауэ лажьэ программэм хиубыдэу льготэ зиIэхэм субсидиеу сом мини 100 зырыз иратынущ, газым пыщIа Iэмэпсымэхэр кърахщэхуну, бжьамийхэм ирыпадзэну.

Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэр зратынухэм хеубыдэ унагъуэ бынифIэхэр, хуэмыщIауэ псэухэр, дзэ Iуэху хэхам хэтахэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ, ныкъуэдыкъуагъэкIэ 1-нэ гупым хыхьэхэр, сабий ныкъуэдыкъуэхэр зезыхьэхэр, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр.

Газыр здынэмыса псэупIэхэм ар яхуешэлIэным ехьэлIауэ щыIэ программэр 2021 гъэм щегъэжьауэ къэралым и щIыналъэхэм щолажьэ, худэчых зиIэхэм газ обрудованэхэр къызэращэхуамрэ я псэупIэхэм газыр ешэлIэным трагъэкIуэдамрэ субсидиеу иратыж 2023 гъэм къыщыщIэдзауэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2021 гъэм щегъэжьауэ ди республикэм и унагъуэ 3433-м газыр хурашэлIащ икIи абыхэм ящыщу унагъуэ 2100-м ар къагъэсэбэп хъуащ. Къыхэгъэщыпхъэщ унагъуэхэм газыр ешэлIэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралым 8-нэ увыпIэр зэрыщиIыгъыр. «Газпром»-м и къудамэу ди щIыналъэм щыIэм илъэс блэкIам унагъуи 126-м ар яхупидзащ.

ПсэупIэхэм газ ешэлIэным хуэгъэзауэ къэралым щылажьэ программэм цIыхухэм Iэмал ярет а гъэсыныпхъэмкIэ къызэгъэпэща къуажэхэм е дачэ щIыпIэхэм щIэуэ щаухуа унэхэм я бжэIупэм нэс ар пщIэншэу хурашэлIэну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Бжыгъэрылъанэ дерсхэр

«Бжыгъэрылъанэ дерсхэр» зи фIэщыгъэ урысейпсо егъэджэныгъэ жэрдэмым ипкъ иткIэ, Тэрч къалэ дэт курыт еджапIэ №2-м дерс зэIуха щекIуэкIащ. Ар компьютерым и лэжьыгъэр зытещIыхьа операцэ Iэмалхэр джыным теухуат.

ДЕРС зэIухам хэтащ КъБР-м Бжыгъэрылъанэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэм и лэжьакIуэ КъуэщIысокъуэ Зарэ, Тэрч щIыналъэм егъэджэныгъэмкIэ и IуэхущIапIэм и IэщIагъэлIхэр, егъэджакIуэхэр.

- Илъэс зыбжанэ хъуауэ ди къэралым щрагъэкIуэкI «Бжыгъэр зи лъабжьэ дерсхэм» ягъуэт гулъытэм хэхъуэу, къыщIэупщIэхэм я бжыгъэр нэхъыбэ хъууэрэ йокIуэкI. ГурыIуэгъуэщ еджакIуэхэми, абыхэм я адэ-анэхэми гъащIэм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэр зэрызыхащIэр, абы къыхэкIыу щIэныгъэ гуэдзэ зрагъэгъуэту къыхаха IэщIагъэмкIэ я есэныгъэхэр ягъэкууну зэрыхэтыр. Экономикэ зэхущытыкIэхэм теухуауэщ дунейм зэрызиужьыр, арыххэуи, абы епха IэщIагъэ зэмылIэужьыгъуэ куэди гъащIэм къыхохьэ. Интернетымрэ компьютерымрэ пыщIа Iуэхугъуэхэр куэду ямыгъэщIэгъуэжми, абыхэм уазэрыдэлэжьэн, узыпэрыт IэнатIэмрэ Iуэхумрэ узэрыщехъулIэн Iэмал куэд пыщIащи, ахэр щIалэгъуалэм ягурыгъэIуэныр IэщIагъэрылажьэхэм я дежкIэ пщэрылъ пыухыкIа мэхъу. Апхуэдэ щIэныгъэм, егъэлея хэмылъу жытIэнщи, жылагъуэ-экономикэ псэукIэ зэпэщыр зэрепхар, абы пыщIа IT-IэнатIэхэм я зыужьыныгъэри зэрелъытар къэплъытэмэ, гурыIуэгъуэщ интернетми компьютерым епха щIэныгъэми мыхьэнэ яIэр зыхуэдизыр. НыбжьыщIэхэр зыщIэупщIэ, гъэщIэгъуэн ящыхъу IуэхугъуэхэмкIэ щIэгъэкъуэн дыхъуныр, пасэу дунэтIыныр мыхьэнэ зиIэ къалэну къыдолъытэ, а гуращэр абыхэм яIэщIэмыужьыхэу дяпэкIи дылэжьэну ди гугъэщ», - жиIащ КъуэщIысокъуэ Зарэ.

Дерсым къигъэув Iуэхугъуэхэр курыт еджапIэхэр зэрылажьэ программэм токI. Абы къыхэкIыу методикэ чэнджэщхэр зэхагъэуващ, сабийхэр щылажьэ пэшхэм я къызэгъэпэщыкIэр техникэ и лъэныкъуэкIэ зэщхьэщыкIынкIэ зэрыхъунур къэзылъытэ сценарийхэри зэхалъхьащ.

«Къэралым и жылагъуэ-экономикэ зыужьыкIэм уеплъмэ, нэрылъагъущ абы бжыгъэр тегъэщIапIэ зыщI зэхъуэкIыныгъэхэр къызэрыхихыр, абы хуэкIуэ гъуэгур хишмэ, игъуэу къызэрилъытэр. ХэзыщIыкIхэм зэрыжаIэмкIэ, мис а щытыкIэм къегъэув хъыбарегъащIэ технологием и мыхьэнэр ин хъуныр, абыкIэ щIэныгъэ зиIэ IэщIагъэрылажьэхэм я пщIэм хэхъуэныр. IT-IэнатIэхэм, зэрыгурыIуэгъуэщи, зауэжь. ИпэкIэ зэзымыха, зэи дызримыхьэлIа IуэхугъуэщIэхэр махуэ къэс жыхуаIэм ещхьу гъащIэм къыхохъухь. ГъэщIэгъуэнращи, нэхъыбэр зэпхари хъыбарегъащIэ технологиехэмрэ компьютер хуэIухуэщIэхэмрэщ. Абы къыхэкIыу къызэрымыкIуэу мыхьэнэшхуэ яIэщ курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт еджапIэхэм щIэс сабийхэм бжыгъэмрэ информацэмрэ ехьэлIауэ ират дерсхэм. ЩIэныгъэр еджэныгъэм къыхокI, ауэ ар тхылъым епха къудей мыхъуу, нэрылъагъу Iэмалхэми ятещIыхьауэ щытын хуейщи, ари къыдолъытэ, ди методикэ нэхъыщхьэри аращ, жыпIэми щыуагъэ хъунукъым. Къыхэтлъхьэ методикэ Iэмалхэм ныбжьыщIэхэр IT-IэщIагъэхэм я дунейм занщIэу хишэфынущ, абы щекIуэкI Iуэхугъуэхэм щигъэгъуэзэфынущ. ЕджакIуэхэм компьютер программэхэр зэрызэхагъэувэм хэлъ щэхухэр къащIэну, абы халъхьэ пкъыгъуэхэм я мыхьэнэр зэхагъэкIыну, информацием ехьэлIа технологиехэр зэрылажьэ щIыкIэхэм зыщагъэгъуэзэну Iэмал яIэнущ. Си щхьэкIэ шэч къытесхьэркъым, ди дерс зэIухахэм къыхихьэ ныбжьыщIэхэм къэкIуэну зэманхэм IT-IэщIагъэлI нэсхэр къазэрыхэкIынум. Сыт хуэдэ гупсысэфIми къегъэжьапIэ иIэщи, апхуэдэ ублапIэу къэлъытэн хуейщ компьютерым и лэжьыгъэр къызэзыгъэпэщ операцэ Iэмалхэр. Арыххэуи, ди ныбжьыщIэхэм мы пэхуэщIэм къриубыдэу едгъэщIэну дыхущIэкъунущ къызэрыгуэкI файлхэр зэраутIыпщым къыщегъэжьауэ компьютерым тетхауэ тет программэ гугъухэм зэрадэлажьэм щыщIэкIыжу щыIэ щIэныгъэхэмрэ Iуэхугъуэхэмрэ. ЕджакIуэхэм едгъэщIэнур теорием и закъуэкъым, атIэ еджэныгъэхэр зэфIэкIа нэужь, практикэ лэжьыгъэхэр еттынущ, абыкIэ яIэ хъуа есэныгъэхэр кърапщытэжын хуэдэу», - жиIащ КъуэщIысокъуэм.

«Бжыгъэм и дерсхэр» жэрдэмыр 2018 гъэ лъандэрэ Урысейм щрагъэкIуэкI. Абы и ублэгъуэм ирихьэлIэу къэралым и IT гупхэм дерсхэм къыхалъхьэну лэжьыгъэхэр зэхагъэувэ, ахэр курыт щIэныгъэ щрат IуэхущIапIэхэр зэрылажьэ программэхэм епхауэ зэхалъхьэ, щхьэ закъуэ лэжьыгъэуи гуп лэжьыгъэуи зэщхьэщах. Дерсхэр технологиемрэ программированэмкIэ IэнатIэхэм я дунейм ухэзышэ Iэмалщ, къэкIуэну зэманхэм я экономикэм хуэгъэза лэжьыгъэщ.

УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм къыхилъхьауэ илъэс зыбжанэ лъандэрэ къэралым щрагъэкIуэкI егъэджэныгъэ жэрдэмыр зэщIэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу мэхъу «Бжыгъэрылъанэ экономикэ» акционер зэгухьэныгъэмрэ «Технологие пашэныгъэ» лъэпкъ программэр зыгъэзащIэ гупымрэ.

ШУРДЫМ Динэ.

ЩIыхуIэ зылъэмыIэса щIыуэпс

● Махуэгъэпс

ООО-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 2013 гъэм дыгъэгъазэм и 20-м иригъэкIуэкIа 68-нэ и зэхуэсым къыщащта унафэм ипкъ иткIэ, гъатхэпэм и 3-р «ЦIыхуIэ зылъэмыIэса, зыми и Iэмыщ1э имылъ щIыуэпсым и махуэу» ягъэуващ.

АР ирырагъэхьэлIащ щIыуэпсым зэмылIэужьыгъуагъэу бгъэдэлъыр хъумэнымрэ хуэсакъынымрэ ятегъэпсыхьа, «КIуэдыжыпэнкIэ шынагъуэ зыщхьэщыхьа псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ щэн-къэщэхун Iуэхум пэIэщIэ щIын» зыфIаща дэфтэрыр къызэращтэрэ илъэс 40 щрикъуа махуэм.

Iуэхур хуэгъэзащ езыр-езыру зэгугъужыф, зи Iуэху зезыхуэжыф, щхьэхуиту дунейм тет псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ дызэрыт лъэхъэнэм зэрыхуа щытыкIэм цIыхубэр щыгъуазэ хуэщIынымкIэ Iэмалрэ хэкIыпIэу щыIэхэр убзыхуным.

АтIэми, щIыуэпсым и теплъэр зэрыщыта дыдэм хуэдэу къызэтегъэнэным гулъытэ хэха щIыхуащIыр, ар зи хэщIапIэ псэущхьэхэмрэ къэкIыгъэхэмрэ зыкъызэрагъэщIэрэщIэжын къару езыр-езыру къазэрыхукъуэкIырщ.

Ди къэралыр къэтщтэнщи, «Урысей географ жылагъуэ» зэгухьэныгъэм и нэIэ трегъэт ЩIы Хъурейм текIуэдыкIыжыпэнкIэ шынагъуэ нэхъ зыщхьэщыхьа псэущхьэхэм ящыщу, Амур псышхуэм ипщэкIэ щыIэ и щIы Iыхьэр зи хэгъэгу къаплъэным (амур къаплъэн жыхуаIэм), уэсхэс джэду хужьым (барс), мыщэ хужьым, Пржевальскэм ишхэм, КъуэкIыпIэ Жыжьэмрэ Азие Гупэмрэ зи кIуапIэ щомыщым, моржым, нэгъуэщIхэми.

КъинэмыщIауэ, «Урысей географ жылагъуэм» и пщэ дилъхьэжа и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ гъуэтыгъуей дыдэ хъуа хьэкIэкхъуэкIэхэр хъумэнымрэ я дуней тетыкIэр зыхуэдэр джынымкIэ хэкIыпIэщIэхэм лъыхъуэныр, щIэныгъэ къэхутэныгъэхэмрэ къэпщытэныгъэмрэ езыгъэкIуэкIхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуныр, щIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэм (мэзгъэфIэнхэмрэ мэзкъуэдыхэмрэ) зегъэужьынымкIэ Iэмалхэм зегъэубгъуныр, цIыхубэм экологие щIэныгъэ ябгъэдэлъхьэныр.

Зи гугъу тщIы махуэр къэунэхун хуей щIэхъуар, иджыри зэ къытыдогъэзэжри, биологие зэмылIэужьыгъуагъэр ЩIы Хъурейм щызэтеIыгъэным, абы ехьэлIауэ лэжьыпхъэхэр зэхэгъэкIыным зэпымыууэ яужь дитын зэрыхуейрщ.

АтIэми, цIыхуIэ зылъэмыIэса щIыуэпсыр зэрыщыIэр щхьэпэщ жылагъуэм гъащIэ дахэ, зэпIэзэрыт щытыкIэ къыхузэгъэпэщынымкIи, абы экологие, генетикэ, рекреацэ, социально-экономикэ, щIэныгъэ, егъэджэныгъэ, щэнхабзэ-эстетикэ я лъэныкъуэкIэ зиужьынымкIи.

Ди къэралым мы махуэр щызэдагъэлъапIэ ЩIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэм (ООПТ-хэм) я IэщIагъэлIхэм, Урысейм дыкъэзыухъуреихь дунейм кIэлъыплъынымкIэ и IуэхущIапIэм («Росприроднадзор»), ЩIыпIэ пхыдзахэмрэ абыхэм щыпсэу псэущхьэхэр хъумэнымкIэ центрым, зэрыщыту къатщтэмэ, жылагъуэм. А псоми я къызэгъэпэщакIуэщ къэралым ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэр, УФ-м и Къэрал Думэм ЩIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ экологиемкIэ и комитетыр, Урысей Федерацэм и Президентым деж щыIэ Жылагъуэ палатэр, властым и федеральнэ IуэхущIапIэм и къудамэхэу щIыналъэхэм щыIэхэр.

УФ-м «ЩIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэу» 100-м щIигъу итщ. Абыхэм я Iыхьэ щанэр, ЮНЕСКО-м къызэрыщалъытамкIэ, дыкъэзыухъуреихь дунейм биологие и лъэныкъуэкIэ и хъумапIэ нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщщ.

КъризэщIэткъуэжу къыхэдгъэщынщи, мы Iуэхур хуэгъэзащ, щIыпIэ пхыдзахэр зи хэщIапIэ хьэкIэкхъуэкIэхэр, къэкIыгъэхэр щытыкIэ гугъу зэриувар къэтлъытэкIэрэ, властым, цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм, хьэрычэтыщIэхэм щIыуэпсым хэхауэ яхъумэ и щIыпIэхэм, абыхэм ящыщу цIыхухэр нэхъ зыхэмыIэбахэм хуащI гулъытэм хегъэгъэхъуэным, дыкъэзыухъуреихь дунейм зэрыхуэсакъыпхъэм къытщIэхъуэ щIэблэр хуэущиинным.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

И IэдакъэщIэкIхэр зи фэеплъ

Мысачэ Пётр къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу

УсакIуэ, тхакIуэ, драматург Мысачэ Пётр ТIатIушэ и къуэр Аруан районым хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм 1930 гъэм гъатхэпэм и 3-м къыщалъхуащ. Ар пасэу дихьэхащ литературэм. Курыт еджапIэм и етхуанэ классым щIэсу арат усэ тхын щыщIидзам.

Зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдахэм ящыщщ Мысачэр, ауэ, и ныбжьэгъу куэдым ещхьу, еджэныр зэпигъэуакъым. Школыр къиухри, пэщIэдзэ классхэр иригъэджащ. Мис абы щыгъуэщ и япэ усэр «Къэбэрдей пэж» газетым къыщытрадзар. Зы илъэс егъэджакIуэу лэжьа нэужь, ар Къэбэрдей-Балъкъэр педагогикэ институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм щIэтIысхьащ, абы щIэсыхуи литературэ гупжьейм хэтащ.

1951 гъэм Мысачэр ягъэкIуащ Москва Горькэм и цIэр зэрихьэу дэт Литературэ институтым. 1956 гъэм, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтауэ, Пётр Налшык къигъэзэжри, «Советская молодёжь» газетым лэжьэн щыщIидзащ. 1957 гъэм къыщыщIэдзауэ «Iуащхьэмахуэ» журналым усыгъэмкIэ и къудамэм, иужькIэ прозэ тхыгъэхэмкIэ къудамэм и редактору лэжьащ ар. Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр зыхуей зэрыхуигъазэм къыдэкIуэу, абы итхырт статья, рецензэ купщIафIэхэр, езым и художественнэ тхыгъэхэри нэхъыфI зэрищIыным иужь ит зэпытт.

Мысачэ Пётр ди республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хэтащ 1958 гъэм щегъэжьауэ. И япэ усэ тхылъыр («Къурш псынэ») 1955 гъэм къыдэкIат. Абы иужькIэ, щIэх-щIэхыурэ зэкIэлъыкIуэу, усэ тхылъ зыбжанэ, адыгэбзэкIи урысыбзэкIи, дунейм къытехьащ: «Уэращ зи фIыщIэр» (1958), «Свадьба» (1960), «Ди нартхэр» (1961), «Уэгу пкIэлъей» (1966),

«Приглашение» (1973), «ЕтIуанэ щIалэгъуэ» (1977), нэгъуэщIхэри. Зэман дэкIри, Мысачэм хуэм-хуэмурэ прозэм нэхъ зрит хъуащ. Итхащ повестхэр, Iуэтэжхэр, пьесэхэр. Адыгэ театрым щагъэувын папщIэ зэридзэкIащ Шекспир, Мольер, Островскэм, нэгъуэщIхэми я тхыгъэхэр.

Пётр и IэдакъэщIэкIхэр ди республикэм и газетхэмрэ журналхэмрэ нэмыщI «Комсомольская правда», «Литературная Россия», «Крестьянка», «Дружба народов» къыдэкIыгъуэхэм мызэ-мытIэу къытрадзащ. Ахэр зэрадзэкIащ азербайджаныбзэкIэ, осетиныбзэкIэ, абхъазыбзэкIэ. Мысачэм и тхыгъэхэр теухуащ лэжьыгъэм, гуащIэдэкIым, хэкур фIыуэ лъагъуным, и къуажэгъухэм, абыхэм я IуэхущIафэхэм, я гурыгъу-гурыщIэхэм, анэм и быным хуиIэ лъагъуныгъэм. Зытетхыхь Iуэхугъуэхэр, цIыхухэр къыщигъэлъагъуэкIэ, и лIыхъужьхэр зыхэт лэжьыгъэмрэ езы цIыхухэм я щхьэ Iуэхухэмрэ тхакIуэм зэи зэпэIэщIэ ищIыркъым. Абыхэм яку дэлъ зэхущытыкIэм дэтхэнэ зыри зыхуэдэр сэтей къещI.

Художественнэ Iэзагъэ зэрыхэлъым и зы щапхъэщ образхэр нэIурыту, пэжу, гукъинэжу къызэригъэлъагъуэр. Псалъэ лей хэмыту, пыухыкIауэ, цIыхум и гущIэм нэсу тхакIуэм шэрыуэу ди нэгу къыщIегъэувэ зытепсэлъыхь зэманыр, цIыхухэм я гум, я псэм щыщIэр шэрыуэу къеIуатэ.

ТхакIуэм и гуащIэм увыпIэ щхьэхуэ щаубыд зауэ зэманым цIыхум и фэм дэкIа гузэвэгъуэ-гухэщIхэр нэгум къыщIэзыгъэувэж хъыбархэм.

И ныбжьыр илъэс 53-рэ фIэкIа мыхъуу, лъэпкъ литературэм иджыри Iэджэ зэрыхуилэжьыфын къарурэ зэфIэкIрэ иIэу, ар 1983 гъэм гъатхэпэм и 22-м дунейм ехыжащ, и IэдакъэщIэкI купщIафIэхэр фэеплъ дахэу къытхуигъанэри.

ИСТЭПАН Залинэ.

МЫСАЧЭ Пётр

Сабиигъуэм и Iуащхьэ

Ди къуажэ гупэм къыщыт
Iуащхьэ тIэкIу
Нэхъ лъагэ къурш темыту
щIы хъурейм
Щытащ къысфIэщIу аддэ
сыщыцIыкIум.
Ар сэркIэ Iуащхьэмахуэми ярейт.
Сыбауэбапщэу абы сыдэкIамэ,
Слъытэжырт батэкъутэ сэ згъэша,
И щыгу сытету хуиту сыбэуамэ,
Сэ занщIэу сщыгъупщэжт
сызэрешар.

Алъандэм гъуэгуу мащIэ
зэпысчакъым,
Къуршыщхьэ куэди куэдрэ
сыдэкIащ,
ПщIэнтIэпсу мащIи сэ еслъэщIэкIакъым,
Сыгузэвэху си щIыфэм
къыпхыкIау.

Ди Iуащхьэмахуи, жьапщэр
къыщыгъуэгыу
И щыгум ситу пшэхэр зэIысщIащ;
Иджыри къыспэщылъщ
сэ Iэджэ гъуэгуу
ГугъуехьрэгурыфIыгъуэкIэ
гъэнщIау.

Абыхэм елъытауэ а ди Iуащхьэр -
Сыт мыгъуэм щыщ - къандзэгу
цIыкIущ нэсауэ,
Ауэ мис ноби сытетым абы и щхьэ,
КъысфIощIыр уафэ лъащIэм
сынэсауэ.

Хэку лъагъуныгъэ

Мурад нэхъыфIым сыхуэпIащIэу
Сытетщ гъуэгуанэ - семызэш,
СылъэмыIэсу си гурыщIэм
Зэи уи деж къэзмыгъэзэж.

А мыкIуэщIыж си лъагъуныгъэр -
Уи лъагъуныгъэ саугъэтщ;
Насып мыухыр схуэпщIу тыгъэ,
Сэ уи гуфIэгъуэм сыхэбгъэтщ.

Уэ Iуащхьэмахуэ схуощIыр уанэ,
Уи къуршыпс Iэлхэр - шыныбэпх;
Ди губгъуэ хуитхэрщ сэ си Iэнэр, -
Я нэхъ къыр лъагэр -
сэркIэ пэтхщ.

КъызжеIэ закъуэ! -
Шым зездзынщи,
Мо вагъуэ цIыкIухэм сынэсынщ,
Сэ уафэхъуэпскIым
сыщIыхьэнщи -
И пащIэр сIыгъыу къыпхуэсшэнщ.

Ауэ мы зыр сэ схузэфIэкIкъым:
(Сыт сщIэн, абыкIэ зызоумыс!)
ПхуэсщI лъагъуныгъэм
и гъунапкъэм
Сэ гъащIэу сиIэм сынэмыс!..

Усэ

Гъуэгуанэу щыIэм сащыхэдэм,
Уэрщ си псэм фIэфIу къыхихар,
ЩыIэнкъым зэи уэ пхуэзгъадэ -
Уэрщ си гум и бжэр Iузыхар.

Уи гъуэгу сытету сыбэкъуамэ,
КъысфIощI си гъащIэм
хэбгъэхъуа,
Я нэхъ гугъуехьыр слъыбгъэсамэ,
Сыдзыхэу зэи къэмыхъуа.

Шынагъуэ сихуэм, узиджатэщ -
Си Iэпщэр тIуащIэу богъэлъэщ;
Сигъэдиину уаер ятэм -
Къысхуодз уи щIакIуэр
- спэмылъэщ.

УIэгъэ стелъым - ущIопщакIуэщ,
Анэ гумащIэу усщхьэщытщ;
ГуфIэгъуэ сиIэм - уджэгуакIуэщ -
УмыщIэу еш ущхьэгъэрытщ.

Шуей имыIэу шагъдий хабзэ?
(Уэрыншэу сэри сыт схуэщIэн?!)
А тIур зэщIыгъуэм - зыщи я бзэр,
Псалъэншэу я гур зэрыщIэнщ.

ЩыIэнкъым зэи уэ пхуэзгъадэ, -
Уэрщ си гум и бжэр Iузыхар;
Гъуэгуанэу щыIэм сащыхэдэм,
Уэрщ си псэм фIэфIу къыхихар.

Налшык и хъэщIэхэр

Гъатхэпэм и 18 - 19 махуэхэм Налшык щыхьэщIэнущ Башкортостан Республикэм и Стерлитамак къэрал театр-концерт зэгухьэныгъэм (СГТКО) и драмэ театр Юмагулов Ильшат и цIэр зезыхьэр. Мыр театрхэр зэрызэдэлажьэ щIыкIэщ, лъэпкъым и гъуазджэм ущызыгъэгъуазэщ. КъыхэгъэщыпхъэщI башкир театрыр иджы япэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыкIуэр.

ГОРЬКИЙ Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и утыкум щекIуэкIыну зэIущIэхэр хохьэ «Большие гастроли» зи фIэщыгъэ урысейпсо Iуэхум и щIыналъэ зэхуаку Iыхьэм. Урысей Федерацэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и урысейпсо гастроль-концерт планым, къэралым и щIыналъэ псоми щагъэзащIэм (абы хохьэ театрхэм я «Большие гастроли», цIыхубэ щэнхабзэ гупхэм я «Мы - Россия» зекIуэхэр), ипкъ иткIэ, ар ирегъэкIуэкI «Росконцерт» федеральнэ къэрал щэнхабзэ бюджет IуэхущIапIэм.

Гъатхэпэм и 18-м, сыхьэтыр 15.00-м пресс-конференц екIуэкIынущ (Налшык дэт Музыкэ театрым) театрым и IуэхущIафэхэм, я мурадхэмрэ ехъулIэныгъэхэмрэ ятеухуауэ.

Театрыр Налшык зэрыщыIэну махуэхэм къриубыдэу, Урыс драмэ театрым артистхэм щагъэлъэгъуэнущ спектаклищ. Ахэр, псоми яфIэгъэщIэгъуэнын хуэдэу, дэтхэнэри щхьэхуэу яхуэхащ ныбжь зэхуэмыдэхэм ит цIыхухэм. Псалъэм папщIэ, Пушкин Александр и тхыгъэр и лъабжьэу Жуковский В. итха «Сказка о купце и его работнике балде» спектаклыр (Каримов Фанис игъэуващ) нэхъ цIыкIу дыдэхэми къагурыIуэнущ. Ар екIуэкIынущ гъатхэпэм и 18-м, сыхьэтыр 11.30-м, 13.00-м.

Кунафин Мунир и пьесэм къытращIыкIа «Керчь. История боевого коня» драмэр илъэсихым къыщыщIэдзауэ зи ныбжьхэм яхуэгъэзащ. Гъатхэпэм и 19-м, сыхьэтыр 11.30-м, 14.00-м, 19.00-м ягъэлъэгъуэну а лэжьыгъэр зыгъэувари макъамэ щIэзылъхьари Зарипов Айдарщ.

Бикбай Баязит и «Кодаса» макъамэ гушыIэм щIэлъ гупсысэр зыхащIэфынущ илъэс 12 хъухэмрэ абы нэхърэ нэхъыжьхэмрэ. Башкортостан Республикэм и цIыхубэ артист Зиганшин Азат игъэува спектаклыр гъатхэпэм и 20-м, сыхьэтыр 19.00-м Налшык и утыкум кърахьэнущ. Япэ спектаклитIыр урысыбзэкIэ екIуэкIынумэ, мы ещанэр башкирыбзэкIэщ зэрыгъэувар, ауэ ар здекIуэкIым зэрадзэкIынущ.

УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр Любимовэ Ольгэ зэрыжиIамкIэ, «Урысейпсо гастроль-концерт Iуэхум и мыхьэнэ нэхъыщхьэр ди къэралым щыпсэу цIыхухэм я нэхъыбэр лъэпкъ щэнхабзэ гупхэмрэ театрхэмрэ я лэжьыгъэм щыгъуазэ щIынырщ. Илъэс къэс Iуэхум цIыхущIэхэр, IуэхущIапIэщIэхэр къыхохьэри, ди творческэ унагъуэр нэхъ ин зэрыхъум дыщогуфIыкI. Ди щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр, макъамэ, театр школхэр хъума хъум и закъуэкъым, ахэр Урысей псом къыщащIэ».

СГТКО-м и башкир драмэ театр Юмагулов Ильшат и цIэр зезыхьэм и художественнэ унафэщI, Башкортостан Республикэм и цIыхубэ артист Рахимов Ильхам къызэрыхигъэщамкIэ, зи пашэ IуэхущIапIэр иджы етIуанэу хэтщ 2014 гъэм ирагъэжьа «Большие гастроли» къэрал Iуэху дахэм. «Илъэс кIуам фокIадэм и 26 - 28 махуэхэм Дагъыстан Республикэм дыщыIащ, Мэхъэчкъалэрэ Дербентрэ щыпсэухэм едгъэлъэгъуащ «Кодаса», «Капкан для мнимых любовников», «Всеми забытый» спектаклищыр», - жеIэ Рахимовым.

Ди гуапэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыIэну махуэхэр гупым щхьэпэ хуэхъуну, Налшыкрэ абы и цIыхухэмрэ дахьэхыну.

БЛИЙ Даянэ.

● Зэхьэзэхуэхэр

Урысейпсо литературэ саугъэт

Щэнхабзэ гукъэкIхэр гъэзэщIэнымкIэ Президентым и фондыр и щIэгъэкъуэну, «Литературная газета» къыдэкIыгъуэм и редакцэм иригъэкIуэкI «Гипертекст» урысейпсо литературэ саугъэтым, Чаковский Александр цIэр зезыхьэм, и финал ныкъуэм пхыкIахэр наIуэ хъуащ. А тхыгъэхэр куэд мэхъу, ауэ нэхъыбэу дызыщыгуфIыкIар абы ди лъэпкъэгъухэу Мейкъуапэ щыщ Щауэхэ Асфаррэ Ибрэхьимрэ я «Пациент №132, или Живи здесь и сейчас» повестыр зэрыхэтырщ.

ДОНЕЦК и модельнэ библиотекэм щекIуэкIа зэIущIэм «Литературная газета»-м и редактор нэхъыщхьэ Замшев Максим я цIэ къыщриIуащ зи IэдакъэщIэкIхэр нэхъыфIу къалъыта тхакIуэхэм, усакIуэхэм, блогерхэм. «Литературная газета»-м и лэжьакIуэхэмрэ Донбассым и тхакIуэхэмрэ «Дыдейхэм фыкъеджэ» зыфIаща зэIущIэ ирагъэкIуэкIащ.

«Гипертекст» зэхьэзэхуэм и ещанэ зэхыхьэр Iыхьитхуу гуэшауэ щытщ: «Прозэ», «Усыгъэ», «Урыс зэдзэкIыгъэ», «ЩIалэгъуалэм я псалъэ», «Литературэ блогер». Псори зэхэту къэпщытакIуэ гупым къаIэрыхьащ тхыгъэ мини 3-м нэс, Урысейм и федеральнэ щIыналъэ псоми, хамэ къэрал гъунэгъурэ жыжьэу 20-м щIигъуми къикIыу. «Гипертекст-2024» зэхьэзэхуэм мызэкIэ нэхъыфIу къыщалъытахэр ди къэралым и щIыналъэ 43-м я лIыкIуэхэщ, зи IэдакъэщIэкIхэр урысыбзэкIэ дунейм къытехьэ тхакIуэхэу Узбекистанымрэ Азербайджанымрэ щыщхэри яхэтыжу. Ахъшэ саугъэту зэпеуэм щытекIуэхэм хухахар мелуани 5 мэхъури, ищхьэкIэ дгъэнэIуа Iыхьэхэм щытекIуэхэми, апхуэдэу «ЩIэджыкIакIуэхэм къыхахами» абы щыщ ялъысынущ.

Дэ ди нэIэ нэхъ зытедгъэтынур, шэч хэмылъу, Щауэхэ Асфаррэ Ибрэхьимрэ я повестырщ. «Пациент №132, или Живи здесь и сейчас» зи фIэщыгъэ IэдакъэщIэкIыр зэ тIысыгъуэкIэ уззэджэ тхыгъэщ, гъэщIэгъуэну, адэкIэ къэхъунум ипигъаплъэу. Си щхьэкIэ сфIэгъэщIэгъуэнащ дохутыр IэщIагъэм и щэхухэри, психологым и гупсысэхэри, философым и акъылри, къызэрыгуэкI цIыху муслъымэным и щхьэм къэкIхэри, нэгъуэщI Iэджи гъэщIэгъуэнышэу зэрыщызэхэухуэнар. Тхыгъэ купщIафIэу дунейм щызэIэпахми, цIыху цIэрыIуэу зи гупсысэр шэщIахэми я псалъэ IущхэмкIэ гъэнщIащ повестыр, щытыкIэ зэрытымкIэ и дунеймрэ хуэкIуэпсу къэгъэсэбэпауэ, философие куу щIэлъу. Гуныкъуэгъуэм зи гур зэгуитхъыу нэгъуэщI цIыхум ей къызыхуагъуэта, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор щIалэм и псэ хьэзабщ повестым лъабжьэ хуэхъуэр. КъыщыщIымрэ къыхуащIэмрэ зэрызрилъытын щIэныгъэ зыбгъэдэлъ цIыхум акъылыншафэ къезыплъыну хуейхэр мащIэкъым, языныкъуэхэм и дежи езы дыдэр абы арэзы тохъуэ...

Повестыр гъэщIэгъуэнщ жыпIэнри зыри жумыIэхэнри зыщ. Ар бзэ къулейкIэ, абы щыгъуэми тыншкIэ тхащ. Дэтхэнэ зыми езым и щхьэм ирихьэлIэфын е нэгъуэщI гуэр къыщицIыху щIыпIэхэм мызэ-мытIэу ущыIуощIэ... Зэкъуэшхэм яхуэфащэ гулъытэ зэхьэзэхуэм щагъуэтыну сыщогугъ, мазищ иримыкъу пIалъэр къысхуэмыгъэсу сыпэплъэнущ си щхьэкIэ.

Финалым кIуахэм я цIэунэцIэр къраIуэнущ гъатхэпэ мазэм. Литературэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэр накъыгъэм Литераторхэм я унэу Москва дэтым щагъэлъэпIэнущ.

КIУЭКIУЭ ХьэIишэт.

«Iуащхьэмахуэ» щынэхъ пудщ

Зы жэщ хьэщIэщым щипхыным и уасэр щынэхъ мащIэхэм ящыщщ «Iуащхьэмахуэ» курортыр - абыкIэ Урысей Федерацэм и бгы-лыжэ курортхэм я деж ещанэ увыпIэр щиIыгъщ. Ар наIуэ къищIащ «2ГИС» геосервисымрэ туристхэм нэхъ пасэу хьэщIэщхэр къахуэзыщтэ «Отелло» IуэхущIапIэмрэ зэхагъэува рейтингым.

«IУАЩХЬЭМАХУЭ» курортым и хьэщIэщхэм зы жэщ укъыщыувыIэн щхьэкIэ ику иту сом мини 7,4-рэ нэхърэ нэхъыбэ къыщыбжаIэркъым. Псалъэм папщIэ, зи гугъу тщIа рейтингым къызэрыхэщымкIэ, апхуэдэ пIалъэкIэ «Домбай» укъыщызэтеувыIэныр ику иту сом мин 8 и уасэщ, «Архъыз» - ику иту сом мини 10,9-рэ, «Красная поляна»-м ику иту сом мин 13,3-рэ.

УФ-м и бгы-лыжэ курортхэм зыщызыгъэпсэхуа туристхэм абыхэм щхьэкIэ интернетым щатххэр «2ГИС» геосервисым къипщытащ. ИкIи лыжэкIэ, сноубордкIэ къэзыжыхьхэм я нэхъыбэм къыхагъэщ здэщыIа щIыпIэхэр зэрыдахэр, я теплъэхэм узэрызыIэпашэр, ауэ икIи ябзыщIыркъым бгым и щхьэм удэкIын папщIэ ящэ билетхэр, спорт Iэмэпсымэхэр бэджэнду къэпщтэныр, шхыныр абыхэм зэрыщылъапIэр. Апхуэдэуи туристхэм гукъыдэжышхуэ къаритыркъым зыгъэпсэхугъуэ, къэралым щагъэлъапIэ махуэхэм къуршхэм цIыху куэд зэрыщызэтрихьэм, бгыщхьэм удэкIын папщIэ зэман кIыхь зэрытекIуадэм, чэзухэм куэдрэ зэрыхэтым.

Дызыхыхьа илъэсым Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я бгы-лыжэ курортхэр япоплъэ нэгъабэ нэхърэ турист нэхъыбэ я деж къэкIуэну. Мыгъэрей илъэсыщIэ зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм къриубыдэу Iуащхьэмахуэ лъапэ щыIащ туристу мин 80-м щIигъу.

НАУРЫЗОКЪУЭ Ислъам.

ГъащIэм и мардэ

Урысей Федерацэм «Физическэ культурэмрэ спортымрэ згъэужьын» и къэрал программэм, «Спортыр гъащIэм и мардэщ» федеральнэ пэхуэщIэм хыхьэ «Демография», «Бизнес - спринт: спортыр къыхызох!» лъэпкъ пэхуэщIэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэрым физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьын» къэрал программэм япкъ иткIэ республикэм а къалэнхэр зэфIэгъэкIыным хуэщIа ухуэныгъэхэр жыджэру щрагъэкIуэкI иужьрей илъэсхэм.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, дызэрыт илъэсым мы гъэм Хъущтэ-Сырт къуажэм спорт утыку «губзыгъэ» щаухуэнущ (интернетым зыпыпщIэу спорт Iэмэпсымэхэр къэбгъэсэбэп, абыхэмкIэ зрибгъасэ, уриджэгу хъууэ), Зеикъуэ къуажэмрэ Хьэбэзрэ щаухуэнущ ГТО-м и мардэхэр тыным зыщыхуагъэхьэзыр щIыпIэхэр.

ПсынщIэу зэпкърыплъхьэзэпкърыпхыж, нэгъуэщI щIыпIэхэм бгъэIэпхъуэ хъухэм хуэдэ спорт зал Хьэсэней къуажэм щагъэувынущ. Абы нэмыщI, Налшык къалэм дэт «Налшык» спорт комплексыр къызыхуэтыншэу мы гъэм зэрагъэпэщыжынущ.

ЕтIанэгъэ, республикэм и щIыналъэхэм къата лъэIухэм япкъ иткIэ, абыхэм иджыпсту щыIэхэм къадэкIуэу, спорт площадкэу 3 щаухуэнущ, 2027 гъэм - иджыри 2. Абыхэм нэмыщI, 2026 гъэм Зэрэгъыжрэ Бе-зенги къуажэмрэ спорт залхэр щаIэтынущ.

2027 гъэм Налшык къалэм къыщызэIуахынущ щIымахуэ спорт лIэужьыгъуэхэм зыщыхуагъэсэным хуэщIа, Iэрыщl мыл зэрылъ, узыншагъэр щызэтрагъэувэж-физкультурэ спорт комплексыщIэрэ Олимп джэгухэм хэтыфынухэр, зэчиифIэхэр боксым щыхуагъэсэ спорт ухуэныгъэрэ.

2019 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щаухуащ спорт ухуэныгъэу 68-рэ, абы щыщу 10-р спорт комплексхэмрэ физкультурэ-узыншагъэр щызэтрагъэувэж ухуэныгъэхэмрэщ, 58-р - спорт утыку зэIухахэрщ. Иджы ягъэзащIэ пэхуэщIэхэм япкъ иткIэ яухуахэм ящыщу нэхъ ину абыхэм яхэтыр тхьэмахуитI ипэкIэ Налшык къалэм къыщызэIуаха иджырей пятиборьем щыхуагъэсэ спорт комплексымрэ Iэрыщl мыл зэрылъ уардэунэмрэщ.

Апхуэдэуи, республикэм и языныкъуэ жылэхэм къыщызэIуахащ спорт Iэмэпсымэ зэхуэмыдэхэмкIэ къызэгъэпэща утыкуу 34-рэ, ФОК-хэм хыхьэу Iэрыщl алэрыбгъу зэрылъ топджэгу губгъуэу 4, ГТО-м и мардэхэр щагъэзащIэ спорт утыкуу 12, спорт утыку «губзыгъэу» 4.

«Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ згъэужьын» къэрал программэм ипкъ иткIэ 2030 гъэм ирихьэлIэу Урысей Федерацэм спорт ухуэныгъэ куэд къыщызэIуахынущ. Абы хэтынущ спорт утыку къызэрыгуэкIхэри ухуэныгъэ ехьэжьахэри. ЖыпIэнурамэ, спорт ухуэныгъэ ехьэжьауэ 150-рэ, иджырей спорт утыкуу 637-рэ, спорт утыку къызэрыгуэкIыу 1078-рэ, зэпкърыплъхьэ-зэпкърыпх хъу модульнэ залхэм хуэдэу 86-рэ, бассейнхэр, Iэрыщl мыл зэрылъ утыкухэр хэтщ абыхэм.

«Физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ згъэужьын» къэрал программэр зэрагъэзащIэм теухуауэ УФ-м и Правительствэм и комиссэм иджыблагъэ иригъэкIуэкIа зэIущIэм ар щыжиIащ вице-премьер Чернышенкэ Дмитрий.

УФ-м спортымкIэ и министр Дегтярёв Михаил абы къыщыхигъэщащ къапэщылъ лэжьыгъэхэм щынэхъыщхьэнур унафэхэм япкъ иткIэ спорт ухуэныгъэхэр зэращIынум и закъуэкъым, атIэ цIыхухэм ахэр къазэрыхуэщхьэпэнумрэ абыхэм ехьэлIауэ къагъэлъэгъуэну арэзыныгъэмрэ зыхуэдэнурщ Iуэхур зытращIыхьынур.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Каратэ

МинитIым щIигъум дахэгъуэщакъым

Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я Фуджейрэ къалэм «Karatel Youth League» фIэщыгъэр зэрихьэу щекIуэкIащ каратэмкIэ щIалэгъуалэм я дунейпсо зэхьэзэхуэшхуэ. ЖыпIэнурамэ, абы хэтащ къэрал 87-м я спортсмену 2035-рэ.

ДИ гуапэ зэрыхъущи, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэм а зэпеуэм екIуу зыкъыщагъэлъэгъуащ икIи дыжьын медалитI къыщахьащ.

Илъэс 16 - 17 зи ныбжьхэм я зэпеуэм хэта, килограмм 53-рэ зи хьэлъагъ Гуэбэшы Арнелэ етIуанэ увыпIэр къихьащ. Апхуэдэ зэфIэкI къигъэлъэгъуащ Гуэбэшы Аскэри. ЩIалэр зыхэтар килограмм 45-рэ зи хьэлъагъ, илъэс 12 - 13 хъухэр щызэпэщIэта гупырщ.

Ди спортсменхэр дунейпсо зэпеуэм хуагъэхьэзыращ Гуэбэшы Аслъэн, КIэмпIарэ Рустам, Мэш Азэмэт сымэ.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Къэфэнухэщ лъэрыжэм тету

Налшык къалэм дэт «Налшык-Аренэ» Iэрыщl мыл зэрылъ уардэунэм гъатхэпэм и 4 - 5-хэм зыкъыщигъэлъэгъуэнущ Омск областым лъэрыжэм тету къэфэнымкIэ и командэ къыхэхам. Абыхэм я мастер-классхэмрэ хэгъэрейхэм щхьэкIэ зэхагъэува программэрэ еплъыну гукъыдэж зиIэхэр а махуитIми фрагъэблагъэ сыхьэтхэр 15-мрэ, 19-мрэ.

«IЭРЫЩI мыл зэрылъ ди уардэунэм къедгъэблэгъащ Омск областым лъэрыжэм тету къэфэнымкIэ и командэ къыхэхар. Мастер-классхэр, лъэрыжэм и щэхухэр ягъэлъэгъуэнущ урысейпсо зэхьэзэхуэхэм, Урысейм и Гран-при зэпеуэхэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ. Апхуэдэуи а спорт лIэужьыгъуэм дихьэх ди цIыхухэм Iэмал ягъуэтынущ категорие ищхьэ зиIэ тренер, урысейпсо зэхьэзэхуэхэм я судья Басос Анжелэ епсэлъэну, упщIэхэмкIэ зыхуагъэзэну», - жиIащ КъБР-м спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, тхьэмахуитI хуэдиз ипэкIэ гуфIэгъуэ зэхыхьэ иращIылIэу Налшык къалэм къыщызэIуахащ Iэрыщl мыл зэрылъ «Налшык-Аренэ» уардэунэр. Ар республикэм хуэзэфIэкIащ «Демографие» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэ «Спортыр гъащIэм и мардэщ» къэрал программэм и фIыгъэкIэ. Мыпхуэдэ ухуэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыяпэщ. Лъэрыжэм тету къэфэным, хоккейм, кёрлингым зыхуэбгъэсэн щхьэкIэ узыхуеину Iэмалхэр щыIэщ мыбы. Псори зэхэту уардэунэм иубыдащ метр зэбгъузэнатIэ 4000.

«Налшык-Аренэ» уардэунэр Налшык псы Iуфэм къыIутщ, «ДыгъафIэ къалэ» сабий академиемрэ «Налшык» спорт комплексымрэ къабгъурыту.

КЪАНШЫУЕЙ Алим.

Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур гъатхэпэм и 7-рщ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор),* **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор),* **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь),* **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариаинэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.456
Заказыр №439
12+

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкI Соня,** *корректорхэу* **Щоджэн Заирэ** *(2, 4-нэ нап.),* **ПхытIыкI Марие** *(1, 3-нэ нап.).*
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.